 'oelama lan foeqaha  
 kagègèran ika déning  
 peteng limeng kadi wengi kang dadakan

1

sadangoené kagègèran  
 silaking kang pènda wengi  
 ana djalma katingalan  
 toehoe ika said Kamil  
 tjahja mantjoer nolohi <sup>4)</sup>  
 radja Djoemenah <sup>5)</sup> kalangkoeng  
 pertjaja gèn toemingal  
 jèn ika wali sadjati  
 langkoeng ta'thîm sila bedami lan hoermat

2

24

minoelja-moelja ing kana  
 tan adangoe noeli pamit  
 langkoeng tinitèn dèmira  
 sang radja periksa acli  
 toeau kasasar meriki  
 kados poendi wahoenipoen  
 jata sang Kamilloe'llah

3

\*) Omschreven met: wong ngadjak wawoeh.

1) No. 107: rarajang.

2) No. 107 Djoemin.

3) No. 107 ten rechte: moesjäwarat.

4) No. 107: nelahi.

5) No. 107 Djomanan.

boten tiasa akidzib  
 salampahé kabèh woes dèn-toetoerena  
 radja Djoemenah kalintang 4  
 gawok-gawok ja miarsi  
 sawéka <sup>1)</sup> loentaning késah  
 said Kamil mantoek maring  
 Meçir Bani'sra'il  
 woes panggil lajan kang iboe  
 langkoeng soekanira  
 ningali poetra woes ḥadhir  
 moeah kang banda <sup>2)</sup>-kaoelawarga-sentana  
 sami renah manahira 5  
 radja 'Oenqah apa maning  
 soemedya andadosena  
 ing goenem karedjahan djati  
 menawa reké dadi  
 kang iboe tatanja goepoeh  
 paran saḥadjatira  
 angoelati kandjeng nabi  
 lah woes tinemoe sira lawan Moelhammad  
 lan endi oelih-oelihira 6  
 kang poetra gasig mangsoeli  
 atoetoer sapolahira  
 tetkala ing bana Roekmi(n)  
 kabèh woes dèn-perih  
 oeningaken maring kang iboe  
 rara Satang kalintang  
 gegetoen tembé miarsi  
 lami-lami ing kana mengkana sedya  
 ingangkat déning kang bala 7  
 ingade gaken narpati  
 goemantos ing ramanira  
 anèng poeri Bani'sra'il

<sup>1)</sup> No. 107; sawégah.

<sup>2)</sup> No. 107; bendoe.

	soepaja said Kamil baja karsa sedya soeghoel ngoembara manakawan maring goeroe ingkang waçil soeloeké maring dadalan karana Allah	
25	tjoewaning <sup>1)</sup> kaoela bala said Kamil lestari noehoen idziné sang Satang arah sedya lakoe hadji miwah lan angoendjoengi maring Madinah djeng rasoel lan ajoen manakawan maring sjech kang agoeng Waçil sjarifah Moeda'im woes idzin kang sarta	8
	aparing pasangoe dinar sèwoe lan tasbél sawidji woes tinampèn ingkang poetra loemakoe ika anoeli ana wong liwat meriki <sup>2)</sup> sapoeloeh ing rowangipoen jahoedi agamanira ajoen békégal dèn-wehi <sup>3)</sup> dinar limang-atoes woes den-wéhena	9
	maring jahoedi kaliwat gawoké kahom jahoedi ing soekserahira <sup>4)</sup> ing doenja said Kamil jata dadi wong sapoeloeh woes mandjing agama islam satoehoe sami winoelang sjahadat kalimah roro kang moeni djar asjhadoe an la ilaha illa'llah	10

1) No. 107: djawaning.

2) No. 107 beter: margi(h).

3) No. 107: dèn-wéhi.

4) No. 107: soekrahira.

Verhandelingen.

	11
wa asjhadoe anna Moehammadan rasoeloe'llahi bari <sup>1)</sup> toemoet hadji ing Bétoe'llah lawan samiangoendjoengi ing Madinah djeng nabi ing sagelar-gelaripoen pani sami andoem soeka ing taréqat kandjeng <sup>2)</sup> nabi Moehammad çalla'llahoe 'alaihi wa sallam	
26	

**13e Gezang; dichtmaat: kinanti.** (No. 107, p. 52.)

said Kamil loentanipoen	1
njanteri ing sjech agoeng Waçil ana ing negara Mekah ingkang nama sjech Tadjmoe'ddin <sup>3)</sup> alKoeibri molana akbar sampoen toetoeg anglebeti	
be'at dzikir lawan soeghoel moeçäfahah lawan talqin woes ing sampoerna abé'at noeli ika njanteri maning maring sjech agoeng nama 'Atä'oe'llahi sjadzili	2
ngalap harkat lan tafakoer idjazah hiarah <sup>4)</sup> dzikir woes ing sampoerna sing kana njabrang ngoelati kang waçil maning darapon moewoehana ing 'ilmoenira kang jaqin	3
toemoeli ika goegoeroe ing molana datoek Çidiq	4

1) No. 107 zonder: bari.

2) Aldus, niet kangdjeng.

3) No. 101: Nadjmoe'ddin.

4) No. 107: chiarah.

	anèng Soerandil peperna(h) anglap sjoeghoel chalwati wirid <sup>1)</sup> kalawan 'amalan woes ing sampoerna toemoeli	
	njabrang ing noesa Djawa sampoen ing pasisir Banten angantjik dèn-tingali sampoen islam maring soenan Ampèl gañing toemoeli lampahé loentah ngétan maring hadhirahing	5
	sang maha toehoe sjech Madzkoer ing goenoeng Koendoel <sup>2)</sup> raspati sedyanira ginoeronan soepaja tan kersa nenggih jén moeroeka ming kang perapta balik kaoela toedochi	6
26 <sup>a</sup>	wétan wonten <sup>3)</sup> kang langkoeng perjoga dèn-kaoelani amoeroek maring toeau saking Qoedoes <sup>4)</sup> ingkang margi datoek Bahroel wastanira jatah saik Kamil noeli	7
	ngétan kapanggih sang Bahroel ingkana woes anjanggoepi amoeroek 'ilmoe sjaré'at taréqat haqéqat malih ma'rifatoe'llahi Ta'ala kadi toetas ingkang 'ilmi	8
	andika <sup>5)</sup> datoek Bahroel hé Kamil sira woes djati apa kang ora woes bisa	9

1) No. 107: warid.

2) No. 107: Goendoel.

3) No. 107: ing wétan.

4) No. 107: qadis.

5) No. 107: angandika.

	sakèhé kang dèn-lakoni sakabèh woes pada katerap atoedoeh sira woes olih	
	karidhan Jang maha loehoer woes betjik sira sahiki perjoga woes moemoeraka <sup>1)</sup> endi baé kang dèn-kersan enggon moeqim amemoelang * anggelar islam sadjati	10
	said Kamil sahoer ja <sup>2)</sup> toer kaoela dèrèng minang kani maksih soemedya tatapa ana ing sadjeroning wari ing banjoe poetih petapan koenané molani <sup>3)</sup> Dhāfi	11
	datoek Bahroel idzin sampoen said Kamil sigra mandjīng ing toja kaja daratan berkah nabi Hidhir Ḍingin wowohan idjo haçiat bisa oerip anèng wari	12
26 <sup>b</sup>	doepi nabi Iljas wahoe paparing apti kolambi haçiat bisa awiang <sup>4)</sup> amiber tanpa sewiwi jata lami anèng kana lewiq qoewat ing djero wari	13
	èstoe ika poetranipoen maha radja Bani'sra'il ia ikoe ingkang poетra maha radja anèng Meçir	14

1) No. 107 ten rechte: memoeroeka.

2) No. 107: sahoernja.

3) No. 107: molana.

4) No. 107: awibang.

radja Meçir <sup>1)</sup> poetranira  
sang sjech Djoemadilkabir

Djoemadilkoebra poenikoe  
poetraning sjech Zéna'l kabir  
sang Zéna'lkoebra molana  
poetrané sjech Dja'far çadiq  
Dja'far çadiq poetranira  
sjech Imam Zéna'labidin

Zénal'abidin kasoenoe <sup>2)</sup>  
déning said Hoesèn sjahid  
saidina Hoesèn akbar  
poetra saidina 'Ali  
patoetan lawan Faṭimah  
poetrané kandjeng nabi <sup>3)</sup>

#### 14e Gezang; dichtmaat: asmaradana (wong asih).

(No. 107, p. 56).

sigege kang anèng wari  
katjapa kandi <sup>4)</sup> açal moela  
para wali djawa kabèh  
ingkang dihin soenan Bonang  
ikoe kamoelanira  
pantjeran teḍaking rasoel  
saking sjech Djoemadilkoebra

Djoemadilkoebra sisiwi  
lanang ika kang peparab  
sjech molana Samsoe tamrès  
djoemeneng pandita Tjempa  
akrama poetra Tjempa  
ing kanané woes amasjhoer  
pandita moestaqim akbar

papoetra djaloe kakalih  
kang nama toebagoes Rahmat

1) No. 107 zonder: Meçir.

2) No. 107: kang soenoë.

3) No. 107: Faṭimah poetra djeng nabi.

4) No. 107: kanda.

15

16

1

2

3

ja hikoe soesoenan Ampèl  
 kalih toebagoes 'Aliman  
 sakalih angedjawa  
 ngadjak islam ming sang ratoe  
 27 Madjapahit datan karsa

amoeng pinaringan rabi  
 poetri saking seri Madoera  
 ałloedoekoe wonten Ngampèl  
 katelah ika soesoenan  
 ana ing Ampèl denta  
 tan sinengkeret wong meleboe  
 goeroe maring Ampèl denta(h)

4

soenan Ampèl asiwil <sup>1)</sup>  
 kang nama kalaning moela  
 Małdoem Ibrahim djenengé  
 ja ikoe soesoenan Bonang  
 kali <sup>2)</sup> masja'ich Moemat  
 ia ikoe ingkang masjhoer  
 nama pangéran Daradjat

5

kang istri titiga malih  
 nama njji gedèng Pandjoeran  
 lan malih ika njji gedèng  
 Meloqo <sup>3)</sup> lan gedé ana  
 teloeké milaning rata  
 Toeban ing achiré <sup>4)</sup> dèn-koekoep  
 dènira djeng soenan Bonang

6

sabab iboenira açli  
 kai <sup>5)</sup> Arja Tédja ing Toeban  
 lan kapindo satengahé  
 para wali noesa djawa  
 soesoenan Giri gadjah

7

1) No. 107 ten rechte: asiwi.

2) No. 107 ten rechte: kalih.

3) No. 107 bij vergissing: Maloto.

4) No. 107 om de maat: achir.

5) No. 107: ki.

	pon tedaké kandjeng rasoel pantjeran Djoemadilkoebra	
	Djoemadilkoebra kang siwil <sup>1)</sup> djoemenenga nalèndraí <sup>2)</sup> ing Meçir toemoeli mios poetra djaloe ingkang nama sjech Çidiq ia ika kang dadi pandita ratoe ing Façèh ingkang negara	8
28	toemoeli njabrang ngedjawi angsal poetra Belangbangan doek maksih zamanu boedané <sup>3)</sup> doepi mertoea ingadjak <sup>4)</sup> islam boja akarsa doemadi mantoe tinoendoeng poetra bobot tigang tjandra	9
	doepi thahir kan perjaji binoeang maring segara sinarah déning batoeré <sup>5)</sup> padagangan wadon kaja nji gedèng Pinatian ing Semarang dalemipoen nji gedé ika woes islam	10
	melebet hé'até maring soesoehoenan Ampèl denta(h) babaji sida dèn-emèt anak déning nji Semarang masjhoer ika ingaran bagoes Semoedra atimoer poepon nji ageng sabendera <sup>6)</sup>	11

1) No. 107: siwi.

2) No. 107: maha nalèndra.

3) No. 107: boedané.

4) No. 107: angadjak.

5) No. 107: bitoeré.

6) No. 107 ten rechte: sabandar.

	lami-lami kinèn angadji maring soenan Ampèl denta(h) resep soesoenan manahé sira <sup>1)</sup> sinadoeloerena lawan pangéran Bonang loenta-loenta pada lakoe ḥadji maring noesa ‘Arab	12
	satekanè kang sekalih paḍa angratoe pandita <sup>2)</sup> radèn Semoedra moelané angoekoep Sidajoe poera linggi(h) <sup>3)</sup> ing Giri gadjah angeré Belangongan agoeng sabab iboenira açal	13
	saking Balangongan poeri amoerwa agama islam tan sinangkeretan sakèhé wong kang maqçoed ing abèngat maring soesoenan Bonang poenapa malih kang maqçoed maring soenan Giri gadjah	14
29	moeng sesébané negari kang masih dèn-kockoehana dènira maha sang katong Madjapahit negara kaping teloe satengah para wali djawa ikoe soenan Koedoes namanira	15
	pon toenggal teḍaking nabi pantjeran sing <sup>4)</sup> Ampèl denta nji gedé <sup>5)</sup> Pantijsoran mios	16

1) No. 107: ika.

2) No. 107: mandita.

3) No. 107: inggilh.

4) No. 107: saking.

5) No. 107: gedéng.

poetra istri ika keramia  
 ming soenan 'Oedoeng <sup>1)</sup> dadya  
 mios poetra soenan Koedoes  
 ing kana ratoe pandita(h)

---

**15e Gezang; dichtmaat: pangkoer (pangandang soewoeng).**  
 (No. 107, p. 62.)

kaping sakawan satengah	1
para wali ing noesa djawa nami	
soenan Kali djaga oeloe	
tedak saking sjech Aswa'	
sagharnané <sup>2)</sup> kang pantjer sang Djoemadilmakboer	
ika noeli poepoetra	
arja Çadiq ingkang nami	
djoedjoeloek Arja ing Toeban	2
apoepoetra ika ingkang pernami	
radèn arja toemenggoeng	
Wilatikta(h) mengkana	
Wilatikta poepoetra radèn Sahidoen	
ikoe soenan Kali djaga	
kang tetkala timoer alewih	
ngaloentang alakoe ala	3
ambelasar ngoētoes sawadi-wadi	
dèn-hoekoem wastan <sup>3)</sup> karoeroe	
tan kena sinajoetan	
bégal dalan anoedjoe ingkang tinemoe	
soenan Bonang kang dèn-bégal	
kongsi kadèpok wonten <sup>4)</sup> ing siti	
karoena <sup>5)</sup> soesoenan Bonang	4
radèn Sahit bermatya nabda andik	

1) No. 107: Oendoeng.

2) No. 107: alsaqarnèn.

3) No. 107 ten rechte: woes tan.

4) No. 107 zonder: wonten.

5) No. 107; karana.

	hé koewen malek ing toewoeh ingsoen ta jèn békégal soenpatèni lawan getihé soen-inoem soenan Bonang sabdanira adja sira liroe tampi	
	ing tangis-isoen kerana iki njokèr soeket bedol <sup>1)</sup> dèng <sup>2)</sup> sikil ora bisa lakoe isoen	5
30	anglironana gesang ing <sup>3)</sup> soeket sapira ing dosaningsoen <sup>4)</sup> ingsoen tan éman ing doenja lah ikoe delengen sisih	
	kiwanira ikoe emas bari késah doepi sang radèn Sjahid toemingal alas ikoe dadi emas sedaja andelingeng <sup>5)</sup> tjipta sawetawisipoen mandah déning dosa-ingwang ari ika soeket sidji	6
	dèn-nelangsa <sup>6)</sup> semana ia talah isoen sisip ing pamberih kasoegian mapan ikoe tan soesah olah kaja ingatasé wong kang woes semono ikoe kadya ingsoen sakala iki arsa angleboni	7
	ing sa'ilmoené wong ika maring endi baé pernahé moeqim sadya soen-oengsed ing soehoed <sup>7)</sup> doeginé tjarita <sup>8)</sup>	8

- 
- 1) No. 107: katoet.  
 2) No. 107: ning.  
 3) No. 167: nging.  
 4) No. 107: dorakanisoen.  
 5) No. 107: andar-ngeng.  
 6) No. 107: palangsani,  
 7) No. 107: asjoeohoed.  
 8) No. 107: katjarita.

	radèn Sjahid ing Bonang sampoen katemoe tobat ing sadosanira dèn-pendem satahoen dadi	
	keneðoek woes tinètèsan ingkang sjahadat kalimah kang kakalih lajan <sup>1)</sup> ing bé'atipoen toemoeli angglalana maring wana satahoen tapa angglaoe noeli ming poelo Melaqah atatapa <sup>2)</sup> tigang sasilh	9
	noeli ming genah tatapa djaka goeling ing pinggiring kekalih katelah djé ika ñoekoeħ inggaranan Kali djaga malah masjhoer soenan Kali djaga loehoeng linggih <sup>3)</sup> pandita oetama ia ikoe papat wali	10
31	kang dèn-babaraken ana ing noesa Djawa ikoe soehoenan Kali kalajan soehoenan Koedoes soenan Giri gadjah soehoenan Bonang maka kang oengsèn ikoe babar anèng tanah sabrang angoengsi ing tanah Djawi	11
	ia ikoe maning papat sjech Madjagoeng lan molana Maghrib sjech Beþong <sup>4)</sup> pon toenggilipoen lawan sjech ing Lemah abang doepi kang babar anèng 'Arab poenikoe soenan Goenoeng djati poerba arawoeh ming tanah Djawi	12

1) No. 107: kalajan.

2) No. 107: atetepa.

3) No. 107: lenggeh.

4) No. 107: Benþong, zonder: pon.

13

djedjeg moela sasanga  
 kang <sup>1)</sup> kotjapa satimboelé sang said Kamil  
 saking petapan djero banjoe  
 noeli ika aloenta  
 maring Ampèl ingkana kapanggih koempoel  
 ingkang para walioe'llah  
 ṭalab 'ibadah bardjam'i'

14

alami ana ing <sup>2)</sup> kana  
 miwal poetra Palèmbang ingkang uami  
 radèn Patah djenengipoen  
 doepi arané ingkang ngaoela  
 ming Madjapahit sinang loenggoeh  
 dipati Teroeng wibawa(h)  
 langkoeng <sup>3)</sup> perkosa linoewih

## 16e Gezang; dichtmaat: midjil. (No. 107, p. 66).

1

toemoeli ika kang para wali  
 sinebar enggon <sup>4)</sup>  
 ing karsané kandjeng soenan Ampèl  
 kang anitahaken sademi  
 soenan Bonang nitih  
 memoeroek 'ilmoe

2

ing tanah Toeban darapon çidiq  
 imané ing Manon <sup>5)</sup>  
 soenan Giri tinitah <sup>6)</sup> mantoeké  
 soenan Koedoes poenapa malih  
 soenan Kali <sup>7)</sup>  
 kabèh sampoen mantoek

3

raden Patah kang matoer ming joegi  
 hè goeroe kang kahot

32

1) No. 107 zonder: kang.

2) No. 107 zonder: ing.

3) No. 107: ingkang.

4) No. 107 om de maat: anganggon.

5) No. 107: manoesa.

6) No. 107: tinitih.

7) No. 107 voegt toe: oedik.

bok poenapa kita-perangané  
ratoe Madjapahit kahocki <sup>1)</sup>  
ing agama moeslim  
soesoenan Ampèl moewoes

bapa kiahi adja anggagampil  
gedé wong akatong <sup>2)</sup>  
bok menawa agoeng istir'djadé <sup>3)</sup>  
lan sira bilih tan <sup>4)</sup> oening  
sira ikoe djati  
titisé sang peraboe

doek sira dèn-wetengaken kalih  
woelan noeli winot  
sinoengaken ming Palèmbang radja <sup>5)</sup>  
ratoe Palèmbang derma moeri  
béda si dipatih Teteroeng <sup>6)</sup> ja toehoe <sup>7)</sup>

toehoe poetra Palèmbang sadjati  
ja talah semono  
emboeh talah ing bésoeké <sup>8)</sup>  
lamoen isoen woes angemasi  
tatapi ing <sup>9)</sup> bénjing sira kang satoehoe

amekas <sup>10)</sup> ratoe boeda ing bénjing  
dèng çabar ing mangko  
amimiti ratoe islam kabèh  
kang anèng noesa Djawa iki  
balikan sahiki  
memoeroek 'ilmoe

4

5

6

7

1) No. 107: kahoegih.

2) No. 107: akato.

3) No. 107 ten rechte: istidrādjé (سیدراج), zie Bijdrage mystiek p. 36.)

4) No. 107: datan.

5) No. 107: radjé, wellicht beter radjèng.

6) No. 107: Tatroeung.

7) No. 157: satoehoe.

8) No. 107: bésoek-bésoeké.

9) No. 107 zonder: ing,

10) No. 107: amekasi, zonder ing.

	nguelon ngoelatana boemi kang tjoekkoel ing koeno galagah ingkang aroem gandané agawéja sira kang djati pamoelangan adi ana enggon ikoe	8
	jata késah raden Patali noeli amanggih ing gon <sup>1)</sup> kang atjoekoel gelagah warginé tjaketan désa Bintara adi ing kana akardi panggènan satoehoe	9
33	malah ngadek djoem'ahé woes dadi djoem'ahing wong <sup>2)</sup> masjhoer pasantrèn Demak arané lami-lami katah angoengsi oemah-oemah dadi ardja kadi ratoe	10
	jatah sang ratoe ing Madjapahit maring kang semono boetarepan bok <sup>3)</sup> noeli bésoeké lami-lami dadi nagri temahané noeli aperang minda ratoe	11
	noeli énggal pinoetoesan adi jatah kang semono angrahos jén dingin <sup>4)</sup> titisé dadi ika sedya dèn-ambil koemaoela dadi sinoeng lanté pajoeng	12

1) No. 107: enggon.

2) No. 107: oewong.

3) No. 107 zonder: bok.

4) No. 107: qinginé.

	djoemeneng rangga Bintara adi ing kana ing enggon pamoelangan Demak woes aramé ma'moer ing sahagama moeslim doepi said Kamil kang kinèn satoehoe	13
	angandika soenan Ampèl gadung hé poetra sedjatos woes sedeng anitiha Tjerebon pon poenika warising joeni linggihana dingin Goenoeng Djati semboeng	14
	said Kamil tan lenggana noeli késahé <sup>1)</sup> alon marga lahoetan katemoe anèng kana laroenging radja Keling tinoenggoe ing 'apti ing papatihipoen	15
	sarta balané wong satoes ngapit <sup>2)</sup> woes sinabdan alon hé patih Keling sira <sup>3)</sup> samangké islama ing Allah sa-iki wondéné ing bénjing bok ana panoesoel	16
34	saking Keling isoen kang nanggohi <sup>4)</sup> jata ika anor patih Keling woes islam sakabèh sabatoeré toemoet angiring maring said Kamil benoeberak kang laroeng	17

1) No. 107: késahira.

2) No. 107: ngapti.

3) No. 107 zonder: sira.

4) No. 107: isoen-pangagohi

ingoesoengan<sup>1)</sup> binakta atoet woeri  
maring sang akahot  
teka ing Goenoeng Djati pernahé  
laroeng sinipta ika dadi  
kang langgar<sup>2)</sup> patani  
anèng Goenoeng Semboeng

18

17e Gezang; dichtmaat: doerma. (No. 107, p. 71.)

said Kamil ing kana tinemoe lajan  
rama oewa <sup>3)</sup> kang dingin  
ngedjawa kang aran  
hadji 'Abdoellah iman <sup>4)</sup>  
jata begar manah adi  
rinoeboeng sanak  
nji dalem Pakoengwati

moeah ika pangéran ing Tjerebon girang  
koewoeh <sup>5)</sup> Tjerebon <sup>6)</sup> sami  
baqami ing kana  
anggelar lakoe islam  
dadi mampet padjek tarasi  
ming Pedjadjaran  
kagoenira sang hadji <sup>7)</sup>

1

ratoe Padjadjaran angoetoes <sup>8)</sup> ing doeta  
mariksa ingkang mawi  
mampet ing padjegan  
jata doeta loemarap  
saha gagaman adjoerit  
bala bisana  
doepi woes ing angantjik

3

1) No. 107: om de maat: ingoesoeng.

2) No. 107: langkoeng,

3) No. 107; oewah.

4) No. 107: Dzoe'liman.

5) No. 107: koeah.

6) No. 107 lascht in : girang.

7) No. 107 veelal· adii.

8) No. 107: ingrowthes

8. NO. 107. Ingobetos.

	ing goenoeng Keromong amoelat jata ana téđja ing poentjak oekir Semboeng kang goemawang soemong maring awiat lah pađa ameski <small>tan</small> téđjaning apa doepi woes pine <small>deki</small>	4
35	jatah téđja manoesa ing abetara winaswas ika saking oekir Patahoenan <sup>1)</sup> doepi arah andjadjal goenoeng Semboeng kang dèn-andi sedy a dèn-djoegdjag ingoenggahaning baris	5
	tan adangoe pađa loempoeh anèng kana jata woes dèn-bongkoki dèn-djoedjoe kalimah sjahadat malah islam <sup>2)</sup> . . . . . . . . . . * . . . . sagelar-gelar poedji	6
	woes katelah ing sjoehoer ika ing <sup>3)</sup> kana sang anèng goenoeng Semboeng lami angeréwang islam <sup>4)</sup> sjech Molana djati wali toer oetama malah ika sang doeta Padjadjaran kinèn balik jèn angadjak <sup>5)</sup> islam maring sang hadji	7

1) No. 107: Patoehoenan.

2) Hier zijn in No. 36 twee regels in den tekst weggevallen, No. 107 vult aldus aan :

. . . . . islam

anèng goenoeng Semboeng lami

angréwang islam

sagelar-gelar poedji.

3) No. 107 zonder: ika ing.

4) No. 107 mist het stuk van af: anèng . . . tot aan . . . islam, dat al in de voorafgaande pada is opgenomen. No. 36 heeft hier dus twee regels te veel.

5) No. 107: andjagah.

	hadji Pedjadjaran sangkané <sup>1)</sup> islam	8
	adja angepalangi	
	jata woes asila <sup>2)</sup>	
	wangsoel ing Padjadjaran	
	atoeran kadi doek oeni <sup>3)</sup>	
	malah sang radja	
	pon ajoen anindaki	
	maring oekir Semboeng karsa mandjing islam	9
	woes dangdan sawetawis	
	sedija ing késah	
	tan kanti <sup>4)</sup> teðakira	
	poerwakalih saking langit	
	sangget <sup>5)</sup> anjegah	
	keranané apa iki	
	tjètèk panjipta moeng ta poesaka-kita	10
	tjoetjoepoe manik wardi	
	tetilaran koena	
	sisimpar kagawoehan <sup>6)</sup>	
	loeloegasan ingkang isi	
	lenga kaheripan	
	sahiki anèng endi	
	jèn ora <sup>7)</sup> sahiki gawéné kapan <sup>8)</sup>	11
36	perénékena gelis	
	doepi woes ingalap	
	pinèlètaken énggal	
	ing sada lanang toemoeli	
	pinandjer ana	
	ing aloen-aloen noeli	

1) No. 107: sangkanané.

2) No. 107: islam.

3) No. 107: oening.

4) No. 107: ganti.

5) No. 107: sanger-sanger.

6) No. 107: kagaloehan.

7) No. 107 zonder: jèn ora.

8) No. 107: apan.

katingal sirna sakedaton <sup>1)</sup> woes mérad doepi sakaoela-wargi akè(h) paña boobar ngoengsi saparan-paran ing saseneng-seneng ati sapalih ana kang medék ika maandjing	12
ing agama molana Djati ahislam sapalih ingkang masih agama boeda njjimpars njimpars ming perva(h) ingkang adoh jata dadi hadji Dzoe'limān nabda marang sang Djati	13
lah soemangga poetra ngadega <sup>2)</sup> naléndra pon Padjadjaran lalis kalih wios sira waris poetra periangga sing Oedjoeng-koelon doemoegi kali(h) kang wasta Tji <sup>3)</sup> -pamali ana ing	14
panagri <sup>4)</sup> Berebesan <sup>5)</sup> satoehoe poenika ping ngétanipoen malih dédé waris kita Madjapahit kang angerata molana Djati mangsoeli rama Dzoe'limān agampil rama gampil <sup>6)</sup>	15
sampoen agé sapoeniki ingkang mila iboe kaoela maksih(h)	16

1) No. 107: sakedatoné.

2) No. 107: madéga

3) No. 107: nji!

4) No. 107: poenigar.

5) No. 107: Barebes.

6) No. 107 alleen: gampil.

ing Meçir negara  
 ajoen kaoela peþoeka  
 dadalem wonten ingeriki  
 sareng kaoela  
 miwah sadya <sup>1)</sup> peribadi

17

ajoen noeahoен idzin roemoehoen ing para  
 nabi ing Bétałmoeqdis  
 jèn oegi kinongang  
 inggih <sup>2)</sup> ambal loemampah <sup>3)</sup>  
 37 jèn boten kaoela adjrih  
 ing mā sjā' Allah  
 rama moegi ingriki

---

**8e Gezang; dichtmaat: poetjoeng. (No. 107, p. 76.)**

1

noeli molana Djati koeliling lakoe  
 sesedjan melampah  
 agoegoeroe <sup>4)</sup> ing sedyané  
 pangéran Maqdoem djinoedjoeg ing sandja

2

pangéran Maqdoem datan arsa <sup>5)</sup> amoeroek  
 èsmoené woes wikan  
 doemadi ika sabdané  
 boten sanggem amoeroek koela ing toeau

3

aloeqsi koela-atoeri koeliling weroeh  
 ing koealon menawa  
 mangké amanggih <sup>6)</sup> djoðoh  
 jata pamit sang Djati ahoeloek salam

4

katjapa ki gedé <sup>7)</sup> Babadan lagi rengoe  
 dening pepetètan  
 kana paða aloem akingé  
 kalakon doewé basa ki gedé ika

1) No. 107: sadaja.

2) No. 107: ingkang.

3) No. 107: sedya.

4) No. 107: agawa goeroe.

5) No. 107 zonder; arsa.

6) No. 107 lascht in: ing.

7) No. 107: gedèng.

	sapa baja kang bisa sangkané ikoe pepetètan-ingwang waloejaha maning <sup>1)</sup> godong soen-asrahi anak wadon isoensoeka
	soen-kaoela kené <sup>2)</sup> sakarsané ngakoe noeli énggal perapta molana Djati sangkané seger maning walojeja kang pepetètan
	mila nji mas Babadau sida dèn-akoe <sup>3)</sup> garwa sang molana lah ikoe ing kawitané molana gagarwa dèrèng poepoetra
	malah lami-lamining toemoewoech ikoe ana agoeng perapta pandita liwat singgihé kang anama pangéran ing Karang kendal
38	angatoeri lah raji sadangoenipoen sadiweg ngadega <sup>4)</sup> ratoe darapon loemrahé agama islam sampoen wonten kang boeda
	kaoela tiang sepoeh wonten ing poengkoer sang Djati anabda aloeksi ka <sup>5)</sup> semangké djoemenenga kaoela wonten ing woentat
	tiang enèm pon sampoen perjoginipoen soemangga ing raka alajak moenaha gawé pangéran Karang kendal ling <sup>6)</sup> sarja késah

1) No. 107: meneng.

2) Eo. 107; kaoelakena.

3) No. 107 heeft abusievelijk hiervóór: malah lami lami, dat pas in de volgende pada behoort en in margine ter plaatse herhaald wordt.

4) No. 107: maqéga.

5) No. 107; aloeksi raka.

6) No. 107: linging.

	jèu kaoela ajoen sing wahoë ka <sup>1)</sup> sampoen inggih saking sabab tiang <sup>2)</sup> katoenané saking sjarañ weksan ahoeloek salam	12
	noeli lami-lami ana teka ajoeh <sup>3)</sup> wong wadon atas poetri Meçir pinangkané teka ikoe saking aningali tédja	13
	saking Meçir tédja ika pon kadoeloe dadya wadon ika rajiné toebagoes Paçèh pon toenggal poetri Meçir doek koenanira	14
	saperaptané ing Djati anœhoen toeoloeng ing djeng molana pandjingé ing sawargané katoer djariah awak-kaoela ing toean	15
	molana Djati sabdané mā sjā'ā Allahoe tatapi dèng ridha bésöek ing achirat baé doepi ing doenja soen-akoe baboesira	16
39	sang poetri atoernja soemanggah ing oeloon langkoeng karsa nitah <sup>4)</sup> jata woes masjhoer doenjané inggaranan baboe Dempoel langkoeng perjoga	17
	boten lami anoeli molana meñoek kang iboe kang sarta mintah idzin pangratoené piambek tanpa rowang sang walioe'llah	18
	sarawoehé maring Bani'sra'il katanggoeh déning kaoela-warga	19

1) No. 107: wahoë ga.

2) No. 107 lascht in: maksî.

3) No. 107: hajoe, ten rechte: ajoe.

4) No. 107: nitih.

sedleng ngadega sang katong  
anèng Bani'sra'il mengko sira <sup>1)</sup> negara

jatah selajah lan kersané sang toe hoe  
molana anabda  
maring kang rama pamané  
poenika raji Noeroe'llah rama angkat

angadega radja anèng Bani'sra'il  
sampoen walangderija  
kaoela tan ajoen <sup>2)</sup> semono  
radja 'Oenqah kalangkoeng gegetoenira

miwah kang iboe Moeda'imi pan gegetoen  
jata woes ingangkat,  
sjarif Noeroe'llah dadiné  
radja Bani'sra'il doe pi molana

noeli ming Betalmoeqdas amintah toe hoe  
dawoehing paréntah  
ing djadjoerang djero soetjiné  
kadi dingin wahjoené djeng nabi Moesa

---

**19e Gezang; dichtmaat: megatroe.** (No. 107, p. 81.)

anèng kana pon sampoen sewara njeloek  
hé ja molana Djati  
dèng ngati-atih ing temoe  
angrata ing tanah djawi  
anggelar agama kahot

adja wedi lianing Jang agoeng  
wedia ing Jang Widi  
woes toetoeg ingkang angoewoeh  
loentah sang Djati loemaris  
kapanggih kang sedya dongkol

---

1) No. 107 ten rechte: mangkoea.

2) No. 107 zonder: ajoen.

	poetrané ratoe Qabti ing kana maqcoed	3
40	goeroe maring sang Djati ing satindak <sup>1)</sup> toemoet kang nama ki 'Abdoelkāfi ja likoe bēsoek ing Tjerebon	
	kang katalah ki gedèng Gedogan soenoe noeli molana Djati maring Madinalah djeng rasoel anoehoen idzin ing oerip woes ana wangsit ing kono	4
	hé molana sira ajoen ing <sup>2)</sup> angratoe patjoean sira milik <sup>3)</sup> ingkang doedoe warisipoen adja doewèh sira lewih amerwasa doeñeningwong	5
	noeli lèngsèr saking gon kono katemoe negara Djohor asri ana maning kang amaqqoed goeroe maring sang Djati 'Abdoelrahim djenenging wong	6
	malah toemoet ing satindak-tindakipoen molana Djati noeli meleboe ing <sup>4)</sup> désa Moendjoel tepis wiring ing <sup>5)</sup> negari Tjina doek lagi semono	7
	radja Tjina anjoba maring kang rawoeh nabda hé sang Djati lah iki atmadjanipoen <sup>6)</sup> wadon meteng doeroeng laki apa ia apa goroh	8

1) No. 107 beter: satindak-tindak.

2) No. 107: isan?

3) No. 107: malik.

4) No. 107: maleboeng.

5) No. 107 zonder; ing.

6) No. 107: . . . — isoen.

	lan baqèken satemené poetranipoen <sup>1)</sup>	9
	sang Djati amangsoeli	
	ije <sup>2)</sup> meteng koewen ikoe	
	radja Tjina liwat saking	
	goemoejoe angawon-ngawon	
	maring sang Djati jektiné sira ikoe	10
	panqita dora jakti	
	mapan ikoe poetranipoen <sup>1)</sup>	
	ora meteng ora keding	
	soen-bebeseli kémawon	
41	lah dèng apa sira baqèk meteng ikoe	11
	sang Djati mangsoeli	
	lah tjobanen maning ikoe	
	ing mengko sapoengkoer mami	
	sembari késahé alon	
	doepi sang Djati sampoen késah sing rikoe	12
	sang poetri anjawantih <sup>3)</sup>	
	dadi botbot kang sahèstoe	
	radja Tjina kalangkoeng ing	
	gegetoen manah semenggon	
	animbali anglajaraken sang ajoë	13
	karana dèn-isin	
	wong tjiné adat tan pajoe	
	jèn ana metenga qingin	
	doeroeng laki kang mengkono	
	mila sanget radja Tjina enggéné angeloed	14
	anglogawani poetri	
	linajaraken ing daloe	
	djinangdjèn bésöek ingendi	
	njanggeregé parahoe enggon	
	ia ikoe genah lakinira toehoe	15
	adja salempang ati	

1) No. 107: . . . -isoen.

2) Soendaïsme. No. 107 heeft: ia.

3) No. 107: agoenting.

	sira angaoela ing <sup>1)</sup> kakoeng isoen woes pertjaja lewih jata woes lajar sang éndjo	
	kotjapa molana Djati wangsoel ming iboe ana ing Bani'sra'il ing perkawis iboenipoen kinarsa binakta maring noesa djawi adèdèpok.	16
	lawan doeboeng kang kanta naga pinoendoet lan bedil emas kang adi kalawan teteken enoer lan zimat galawat nabi kang raji langkoeng loemongsor	17
	noeli saking kana woes intar doemoeloer saparan-paran ganpil kampira <sup>2)</sup> ing Soerandil goenoeng radja Lahoet woes pinanggih ing kana woes sadya rodjong	18
42	miloe ngedjawa woes ingakoe sadoeloer dénings molana Djati sakoelit sadaging toewoeh babaloeng lajan <sup>3)</sup> sagetih kalawan molana Djatos	19
	sigra pamalwa maring madyaning lahoet alari-lari djalmi paña seredjoe lalakoe mèh ika tekang <sup>4)</sup> kikisik anahing moehara Djatos	20
	<hr/>	
	<b>20e Gezang; dichtmaat: ladrang.</b> (No. 107, p. 85—86.)	
	sigra ing moehara Djati pinanggih poetri tjina	1

1) No. 107: ming.

2) No. 107: mampir.

3) No. 107: sababaloeng lan.

4) No. 107: tekèng.

tan saumar ing pandaeloené <sup>1)</sup>  
 maring sang wahoe  
 ambaqèk <sup>2)</sup> ing wewetengau

ing kana wasoe <sup>3)</sup> winoelang kalimah kalih  
 sampoen islam  
 memoeroek ing <sup>4)</sup> sakèhé  
 maring ardi Amparan ngèstoe molana

malah ragem ingkang poedja-poedja <sup>5)</sup> ilmi  
 wadon lanang  
 bìrahi maring poerbané  
 wadon kang sapangestoe lan ratna Satang

ikoe baboë Dempoel miwah gedèng djati  
 rara panas  
 lajan <sup>6)</sup> mas pangoeragan wadon  
 mas Pakoengwati loenthal salaminira

anatalah kotjapa ika sang dipati  
 ing Tjangkoeang  
 salami-laminé amèt  
 angoepaja oerang roro wadon lan lanang

kadi déning impènira doeck ing dingin  
 ana warah <sup>6)</sup>  
 jén koewen ora rep kenèng <sup>7)</sup>  
 pedjah jén ora sepoeh lah oelatana

oerang roro lanang wadon ikoe jakti  
 milanira \*  
 dipati Tjangkoeang amèt  
 oepaja kambang-kambangan ing segara

1) No. 107: pandaliné.

2) No. 107 bij vergissing: ambah dèk.

3) No. 107: woes.

4) No. 107 lascht in: lampoh.

5) No. 107: lan.

6) No. 107: weroeh.

7) No. 107: arep kenang.

	karo papatih kang aran patih Gering noeli ana molana doek pitoeloengé angrawoehi maring dipati Tjangkoeang	8
43	angandika sang Djati hé sang dipati adja kaja(h) ika pon ora semono oerang lanang kajaktènané manira	9
	oerang wadon kajaktènané ji <sup>1)</sup> iki baboenningwang baboe Dempoel kahanané sang dipati dèn-wangsit dikon islam	10
	dénинг impèn <sup>2)</sup> tetkala ing karihin adja salah saliroe timpoe <sup>3)</sup> tampané woes betjik pada angoetjapena <sup>4)</sup> sjahadat	11
	jata dipati Tjangkoeang angandjali anoet sabda islam lan papatihé miwah sabalané ing poera Tjangkoeang	12
	noet wingking maring ardi Amparan djati gelar gelar islam salami-laminé noeli wonten kersané molana késah	13
	maring Pedjadjaran sedya berkoeliling nanging boja kersa lakoe den-djèlèrèk- -aken amoeng <sup>5)</sup> lakoéné kersa periangga	14

1) No. 107: ja.

2) No. 107: impèn é.

3) No. 107 zonder: timpoe.

4) No. 107: angoetjap.

5) No. 107: ameng.

	jata loenta lampahé sang èstoe wali maring peradja Pedjadjaran soewoeng kabèh anggoelènlang <sup>1)</sup> tan nana <sup>2)</sup> sabarang djalma	15
	amoeng poetri Kaoeng nganten ingkang kari sina kersa ing sang molana dèn-awè(h) dèn-adjak maring Tjerebon ardi Amparan	16
	woes tinemoe kadang sepoehé <sup>3)</sup> woes jakti anèng kana Kaoeng nganten soeka tejasé <sup>4)</sup> dan molana amoendøet soekaning kadang	17
	dipati Tjangkoeang atoernja ngandjali langkoeng kasrah katoering saginah gatoes marmamé Kaoeng nganten dèn-kanṭa garwa	18
	lami-lami ika amoetrani adi djaloë djanglar	19
44	Sèbakkingkin peparabé lajan isteri ratoe Winahon kang nama	
	sapa tamboek ing warta ja ikoe winih winihira ratoe Banten negarané ora lawas noeli ana moesohi teka	20
	koelit poetih ambek sahasa <sup>5)</sup> angantjik ngara hara patih Keling lakoe déné gègèr manahé bok menawa soesoelan	21
	saking Keling jata gelar-gelar baris Pedjadjaran	22

1) No. 107: anggoelinding.

2) No. 107: tatan.

3) No. 107: sepoené.

4) No. 107: tyasé.

5) No. 107: salié.

patih Keling gagamané <sup>1)</sup> patih Keling sadia beçil lan obat	
pangéran Tjerebon woes gelar-gelar baris sapandoerat dipatih Tjangkoeang wiré <sup>2)</sup> émoet lah jén <sup>3)</sup> poesaka panoelak	23
noeli sinalahaken ing kidoel ardi dadya medal koekoes oepas melèhaken moesoeh sakabèh moelak akésah	24

**21e Gezang; dichtmaat: dandang goela.** (No. 107, p. 90.)

tan alami noeli sarawoehing pandita agoeng langkoeng perwira <sup>4)</sup> açal Baghdad ing dinginé poetra molana Hoed ratoe pan sadèrèk misanan maring molana Djati poerba milaning kelaloe (a)ngedjawa binendonan déning <sup>5)</sup> rama doemèh remen kikirik <sup>6)</sup> marmmané ika késah	1
kalih sedèrèk èstri kang nami siti Baghdad <sup>7)</sup> lan warganira pangéran ing Pelalangoen <sup>8)</sup> miwah malih wilangoen sjech datoë Kahfi woes ingiring balané teloeng kapal pada ika miloe andoem gelar anèng djawa	2

1) No. 107: gegemané.

2) No. 107: miré.

3) No. 107 lascht ten rechte in: gadah.

4) No. 107: paronira.

5) No. 107 lascht in: kang.

6) No. 107; kekerik.

7) No. 107: Beghedad.

8) No. 107: Pelangon.

padà oemah-oemah ing Semböeng ing Djati  
ing Djoenti ing Djapoera

3

namané ika ingkang dèn-iring  
molana 'Abdoelrahman Bagdad  
doepi ing nama djawané  
pangéran Dipangajoen <sup>1)</sup>  
saperajtané ing goenoeng Djati  
pinapak déning molana  
kalih radja Lahoet  
45 melebet ing palinggihan  
bala Pandjoenan kebek malabar apri  
sobawa rengoe oelap

4

jata sakèh kaoela-warga Djati  
padà gègèr manah diqinqinan <sup>2)</sup>  
anjatah <sup>3)</sup> aperang agé  
noeli ika amoewoes  
pangéran Pandjoenan hé raji  
arawoeh saking 'Arab  
meriki katemoe  
lan kaoela sedya poenapa  
molana Djati mangsoeli ririh <sup>4)</sup>  
ing sadateng kaoela

5

angedjawa kang oegi menawi  
raka dèrèng ingriki ngedjawa  
menewa <sup>5)</sup> wong djawa amièt.  
islamé kerananipoen  
adep <sup>6)</sup> madep marang Jang Widi  
pangéran ing Pandjoenan  
asri <sup>7)</sup> sahdanipoen  
raji ajoen ngidep djawa

1) Of: di Pangajoen.

2) No. 107 zonder: qinqinan.

3) No. 107: anjana.

4) No. 107 om de maat: amangsoeli aririh.

5) No. 107: manawi.

6) No. 107: idép.

7) No. 107: asroe.

pinten perkare babaktané raji meriki  
molana Djati anabda

babaktan kahoela moeng satoenggil  
poenika ingkang nama sjahadat  
ingkang kalimahé roro  
jata kèndel adangoe  
pangéran Pandjoenan tan angling  
molana Djati nabda  
hé raka koelépoen  
kèndel dangoe tan ngandika  
bok <sup>1)</sup> menawa ing bođo kahoela poeniki  
moegia pinterena

noeli ngandika Pandjoenan hadji  
hé raji jèn menggah ing kaoela  
sjahadat poenapa gawéné  
ing wong kang sampoen weroeh  
bok apa adja sjahadat maning  
adja çalat poeasa  
temah kasaliroe  
molana Djati (a)nabda  
inggil boten sanggih bađé raraméning masdjid <sup>2)</sup>  
menggah tiang ‘ām

moehoeng <sup>3)</sup> sih kahoela noehoen djati  
ing satemené i‘tiqad raka  
dèng kadoega ing bē’até  
jata Pandjoenan ratoe  
moelang maring molana Djati  
téqad kang moerang-moerang  
ing sarang kelaloe  
anggangken kadjabariah  
46 noeli anabda ika molana Djati  
jèn mekaten karsa <sup>4)</sup>

6

7

8

1) No. 107 zonder: bok.

2) No. 107: raramening.

3) No. 107: meheng.

4) No. 107: raka.

dados tanpa poeara ing abdi  
 jén tah boten mangéran <sup>1)</sup> pisan  
 dados poenapa wastané  
 Allah pon déné ikoe  
 kaoelané sirna ming poendi  
 mapan maksih poenika  
<sup>2)</sup> djinisé ikoe  
 pangéran Pandjoenan nabda  
 inggih talah menggáh raji kados poendi  
 aneda dјatékena  
  
 ing satemené tékadé kang <sup>3)</sup> raji  
 dèng kadoega ing béaté pisan  
 molana Djati woewoesé  
 ahli soeni kang woeroek  
 ming pangéran Pandjoenan adi  
 raka tékad kaoela  
 tau roro teteloe  
 inggih poenika <sup>4)</sup> Jang Soekma  
 kang kewasa <sup>5)</sup> kang kersa kang aningali  
 kahoela datan oman  
  
 anging poemika kabèh Jang Widi  
 ingkang kagoengan <sup>6)</sup> çifat  
 kahoela datan adarhé  
 dan pangéran Pangajoen  
 leng leng gémija atampi djati  
 (woe)woeroeké sang molana  
 déning oedjar ikoe  
 karahos ing kabeneran  
 dadya roemaos ing sisipé pribadi  
 tékad kadjabariah

9

10

11

---

1) No. 107: pangéran.  
 2) No. 107: ing.  
 3) No. 107 zonder: kang.  
 4) No. 107: poenikoe.  
 5) No. 107 bij vergissing: kawoesa.  
 6) No. 107 lascht ten rechte in: sakéhé.

## 22e Gezang; dichtmaat: sinom. (No. 107, p. 95.)

	marmané sedya amapas anglaloe alaboeħ patih nabda pangéran Pandjoenan soemanggah katoer ing raji sakèhé abdi-abdi kahoela sakabèh pan katoer dolen ping pitoe sadina kaoela soeka thahir baṭin moeng titip anak poetoe bala Pandjoenan	1
	kalajan raji moegia amaringana ing boemi kanggé awangoen gegetak pangané salami-lami kahoela arsa soemingkir maring gèn waringin pitoe arah angroeroe pedjak hoekoemé tiang anisip boten abalik <sup>1)</sup> doemoegi ing wafat pisan <sup>2)</sup>	2
47	raji djoemenga nata nama soesoehoenan Djati paneroesing iman moelja molana Djati mangsoeli boja semanten oegi aloek raka dados ratoe ingriki koela ingkang soemingkir wonten ing oekir pangéran Pandjoenan tangginas akésah	3
	kalih garwa asoesoepan ing alas pitoe waringin kotjap(a) laminé molana wonten djariah aperapti saking tepasan adi	4

<sup>1)</sup> No. 107: abalik-balik.<sup>2)</sup> No. 107 zonder: pisan.

doepi kinarsa sahèstoe  
 garwa amias poetra  
 djaloë djanglar ingkang nami  
 pangéran Pasaréhan lan istri kang <sup>1)</sup> nama

ratoe Ajoe kang peparah  
 noeli saking garwa djati  
 mios poetra roro lanang  
 ika ingkang dèn-arani  
 pangéran Kelana adi  
 lan pangéran sédang lahoetan <sup>2)</sup>  
 sapa tamboeh ing warti  
 maring poetra ingkang nami  
 Pasaréan ja ikoe winihing nata

kang anèng Tjerebon negara  
 jata molana <sup>3)</sup> Djati  
 anggelarakken agama  
 singa kang tan anoet jakti  
 pinerangan dèn-titih  
 kadi ta(h) telaga ikoe  
 radja Galoeh Koeningen  
 Tji-amis miwah sagoeng ing-  
 kang wangkot islam woes pada djimurahan

katjap ing abdi lan amat <sup>4)</sup>  
 doepi kang tan pinerangi  
 islam karepé periangga  
 ikoe Soemeðang lan malih  
 Bandoeng Tjiandjoer <sup>5)</sup> doegi  
 Bogor Djaketra lan Oedjoeng  
 Banten mila tan kotjap  
 ing amat <sup>6)</sup> kalawan abdi  
 lami-lami akèh moenapèk kung tebah

5

6

7

1) No. 107 zonder: kang.

2) No. 107: Sédang lahoet.

3) No. 107: ing.

4) No. 107: kotjapa ing andi lan oemât.

5) No. 107: Tjandjoer.

6) No. 107: oemat.

	permila noeli dèn-pentjar radja Lahoet anitihi jang Djaketra miwah poetra Jasba- <sup>1)</sup> kingkin anitibi ing Banten panagri	8
18	hadji Dzoe'liman aloenggoeh ana ing Padjadjaran radja Sengara anitih ing Tegal loear anggelarukan islam	
	laminé ingkang semana ratoe Kasoendan sampoen moeslim tan nana malang ing karsa tan antara ing alami <sup>2)</sup> soenan Ampél angemasi para wali sami koempoel ing Ampél ika paña amoelasara woes padni toemoeli para wali boebar ing indra	9
	Giri gadja(h) ika paña angasri soesoenan Giri djoemeneng ratoe pandita anata agama moeslim pangawat wétan sami tekèng Madoera anoengkoel ming soenan Giri liman juta ing kana persami moesawarah kang para wali sasanga	10
	ana hing pernah kang nama Giri keḍaton anenggih persami <sup>3)</sup> djangdji-djangdjian sampoen mawih <sup>4)</sup> kelad-kelid adjana <sup>5)</sup> ngiloeng ilmi	11

1) No. 107 te recht: Séha.

2) No. 107: lami-lami.

3) No. 107: para sami.

4) No. 107: mawa.

5) No. 107: adja ta.



miaka sanuir kekendoeng  
 adjana timèdèngan  
 wong sasanga dadi sidji  
 ing tékad <sup>1)</sup> adja ana silih deria <sup>2)</sup>

ragemé ika asadya  
 roeroehing pangoeni-oeni  
 'aliman moetakaliman  
 adjana nawala kapti <sup>3)</sup>  
 jata ika persami.  
 anggelar oemeting <sup>4)</sup> qalboe(h)  
 perkara dzating Allah  
 kang wadjib tékad pa'abdi  
 ning kaoela kang toetoeg teka ing awas

12

**23e Gezang; <sup>5)</sup> dichtmaat: kinanti.** (No. 107, p. 100).

sinoehoen Bonang amoewoes  
 oetawi iman lan tohid  
 ikoe woes ora kawilang  
 djatining Allah poenika <sup>6)</sup> sih  
 kang neboet sineboet Allah  
 tan ana lianing maning

1

djatining Allah poenikoe  
 pangawasaning kang abdi  
 kang <sup>7)</sup> anama sawaktja  
 oeripé tan oman <sup>8)</sup> malih  
 sjech Madjagoeng ngandika  
 kang arau Allah sajakti

2

49

1) In beide teksten constant تیقداد geschreven.

2) No. 107: sisilih deriah.

3) No. 107: ganti.

4) No. 107: oemeting.

5) Dr. Brandes had dit gezang tot vers 13, nr. 3 overgenomen. Ik volg de normale schrijfwijze doch overigens zonder verschil met Dr. B.

6) No. 107: ikoe.

7) No. 107: lascht in: woes.

8) No. 107: oeman.

toenggal tanpa roro toehoe  
ananging si doedoe iki  
atemené njata ika  
ngandika sinoehoen Djati  
oetawi kang aran Allah  
tan nembah sinembah tapi

3

sanjatané ja ikoe  
djatiné lianing iki  
sinoehoen Kali ngandika  
kang aran Allah sajakti  
djabo-djeroné tan <sup>1)</sup> lian  
kaoela tan ngoeningani <sup>2)</sup>

4

ming roro teteloenipoen  
kang tan samar ing pangaksi(h)  
waspada ing daloe siang  
ia ingkang <sup>3)</sup> aningali  
ia ingkaug tiningalan  
sjech Benpong ngandika aris

5

kang aran Allah poenikoe  
ia Allah ananging sih  
doedoe ikoe <sup>4)</sup> nanging piambek oegi  
molana Maghrib ngandika  
kang aran Allah ja iki

6

nanging doedoe iki toehoe  
jén ora namaha iki  
pestiné sih koewen oega <sup>5)</sup>  
tan nana lianing maning  
kang amoerba amiséa  
sjech Lemah abang asroeh angling

7

kang aran Allah ja ingsoen  
ingendi <sup>6)</sup> sih ana maning

8

1) No. 107 zonder: tan.

2) No. 107: ngoeningali.

3) No. 107: ikoe kang.

4) No. 107 lascht in: nanging ia.

5) No. 107: oegih.

6) No. 107: angendi.

	kang saliané sakingwang <sup>1)</sup> semloe sjech molana Maghrib dépé poenika <sup>2)</sup> djasad sjech Lemah abang <sup>3)</sup> angling malih	
	ora mengkono jén isoen pon mahoe woes djangdji pasti ora nganggo kekendoengan moelané maksih dèn-sanggerib molana Maghrib sahoernja sampoen katedadjeng mangkin	9
	toemoeli djandika koekoem sjech Lemah abang <sup>3)</sup> angling malih koekoem tan wedi manira ingkang woes adjangdji pasti dingin Allah mengko Allah hésoek Allah kang sajakti	10
50	bari késah noeli moewoes kandjeng sinoehoen ing Giri oetawi kang aran Allah kadi gamboeh manggoeng ringgit sapa weroeh <sup>4)</sup> araningwang jén ta isoen angarani	11
	ia ikoe araningsoen nanging samengko woes angalih djoedjoeloek peraboe Sasmata pangéran Koedoes asroe angling oetawi kang aran Allah ora wiwilangan kadi	12
	anggané serngéngé ésoek kalawan soré atoenggil toemoeli boebar oelia maring Bonang ika asri	13

1) No. 107: wong.

2) No. 107 lascht in: si.

3) No. 107: bang.

4) No. 107 lascht in: ing.

soenan Bonang 1) tinengga  
djoenieng ratoe ngajoegi

toemoeli boeharé sagoeng  
para wali ika maring  
Tjerebon angasri malèndra  
soesoenan 2) Goenoeng djati  
djoemeng ratoe pandita  
sarta ngadegaken masdjid

14

agoeng ing Tjerebon 3) winangoen  
tjipta rasa djeneng masdjid  
ing tegal pangalang-alang  
kadjeng saking endi-endi  
saka-goeroe kang sekawan  
sing Irak lawan sing Meçir

15

saking Djidah sartanipoen  
saking peradja Bami'sra'il  
woes dadi masdjid rahardja  
maring Demak para wali  
arsa ngangkat radèn Fatah  
djoemenga ratoe djawi

16

**24e Gezang; dichtmaat: asmarandana.** (No. 107, p. 105.)

goenem ingkang para wali  
ajoen ambedaha koëta  
Madjapahit daraponé  
angadeg 4) ratoe Demak  
lakoe sarwi kang sarta  
wangoen masdjid Demak agoeng  
olia-olia boehoehan.

1

satka-goeroe sidji-sidji  
doepi soesoenan Oendoeng ingkang

2

1) No. 107: soesoenan.

2) No. 107: soesochoenan.

3) No. 107 hier en elders veelal: Tjarlon.

4) No. 107: om de maat: angadega.

51	<p>kinarja sénapatiné      angloeroeg ming Mahos-tikta      woes piuapag ing rana      déning dipati Teteroeng      ramé ingkang perang moeka</p> <p>ora lawas ika noeli      soenan Oendoeng woes soemalah      ing peperangan dèn-amoeck mangko <sup>1)</sup>      déning sang Teroeng <sup>2)</sup> maha      dipati aperkosa <sup>3)</sup>      pon ika jatah sadeloer      lira <sup>4)</sup> radèn Fatali Demak</p> <p>jatah dadi poenang masdjid      para wali aselaja      pereboeté <sup>5)</sup> ing qiblaté      satengah mastani ika      kirang lor qiblatira      sawenèh ngaraní ikoe      kirang ngidoel ika <sup>6)</sup> paña</p> <p>ojog-ingojog ngastani      minger-minger poenang rengkang      soenan Bonang kandikané      aloek <sup>7)</sup> mangké tawaqoeſa      mangké ing daloe kita      anenedla ing Jang Agoeng      ing leresé qiblat kita</p> <p>jata goemantara wengi      para wali çalat hadjat      doepi woes salam çalaté</p>	3
		4
		5
		6

1) No. 107: amoeké, zonder mangko.

2) No. 107: Teteroeng.

3) No. 107: aparkasa.

4) No. 107: rira.

5) No. 107: perboetan.

6) No. 107 ten onrechte zonder: ika.

7) No. 107: aloeng.

	ka'batoellah woes katinggal <sup>1)</sup> saking karanggan Demak jata sami maswas sampoen sapalih doeginé kirang	
	kirang ngidoel wené <sup>2)</sup> malih kirang ngalor adan ika soenan Kali kandikané lah jén inggihmekatena <sup>3)</sup> tan amanggih wekasan poenika kalajan wahoë maksih perdongli pandoeka	7
52	énggal djoemieneng soenan Kali astané sampoen merga-merga <sup>4)</sup> madjeng ngidoel ika njawèl asta tengen maring ka'bah asta kiwa anggarap masdjid Demak woes dèn-getoek- -akeu kalawan Bétoe'llah	8
	woes getoek ika toemoeli soenan Kali sahdanira soemanugtu sami amonton waspadakena ing tingal lah mangké jén woes rempag gampil ngoetjoelaken soenggoe <sup>5)</sup> kang wonten asta kaoela	9
	jata para wali sami nabda inggih sampoen rempag dan ingoetjoelaken agé ka'batoe'llah sampoen sirna mangké <sup>6)</sup> para olia	10

1) No. 107: katinggalan.

2) No. 107: wanéh.

3) No. 107: mekatana.

4) No. 107: margagah zonder: sampoen.

5) No. 107: ngoedjoelaken soengkoc.

6) Ne. 107: maka.

anggoenem soesenan Koedoes  
soemilih <sup>1)</sup> ramanira

dadi sénapati maning  
angloeroeg ming Mahos-tikta  
kang sarta winoewoehané  
soenan Djati pinerih rowang  
pangawat koelon bala  
miwah soenan Giri toemoet  
pangawat wétan kang bala

lajan binaktanan peți  
poesaka ratoe Palèmbang  
woes perjoga ing <sup>2)</sup> lampahé  
wong Madjapahit woes mapta  
gagamanira mapag  
tjoetjoeck sénapati Teroeng  
lau poetra ing Madja-lengka

poenika <sup>3)</sup> rowangé malih  
poetra kang anèng Panaraga <sup>4)</sup>  
woes sisih ing <sup>5)</sup> anané  
poetra Panaraga ingkang  
koelon pangawat bala  
doepì poetra Madja-langoe  
pangawat wétan kang bala

jata ika woes loemaris  
kang soemedya ing perang  
ajoen-ajoenan sadyané <sup>6)</sup>  
bala boeda mahabara  
sakti sarta istidradj  
bala islam sakti poendjoel  
linewih sarta karamat

11

12

13

14

1) No. 107: soewélélh, lascht in: ing.

2) No. 107: sa.

3) No. 107: pinangka.

4) No. 107: Perna raga.

5) No. 107: sisi-sisi zonder ing.

6) No. 107: sadajané.

## 25e Gezang; dichtmaat: pangkoer. (No. 107, p. 110).

53	soenan Djati sandinira bebedongé kinirabaken aglis medal keṭèn joetan tikoes modjoed sing sangkan-sangkan paḍa njelawadi <sup>1)</sup> anerah pasangoe leboer <sup>2)</sup> poenang tanda gagaman ing Madjupahit	1
	akèh pada anggolètèk <sup>3)</sup> jén pinatèn tikoes ika doemadi saja woewoeh kaṭahipoen jata woes pada moerak <sup>4)</sup> pikoekoehing <sup>5)</sup> djaran pikoekoehing soedoek dodoting pura ponggawa paḍa rowèk roentang-ranting	2
	soenan Giri sandirira ngoenoes doevoeng medal tawon kang lewih kaṭahé ika angeboek ming bale Madja-lengka jén sinikara dadi sangsaji woewoeh kaṭahé sing sangkan-sangkan sudaja sami ngantoeipi	3
	maring bala Mahos-tikta jata gègèr biloeloengan kapatì tamboeh réwang tamboeli moesoeh pidjer bingoen oesekan dadi ilang pikiré angroesak moesoeh paḍa <sup>6)</sup> oesekan periangga tan nama oewisé noeli	4

1) No. 107: njelawedi.

2) No. 107: leboer-leboer.

3) No. 107: anggolètèk.

4) No. 107: moerag.

5) Er staat: doch pikoe-pikoehing is geen woord, zoodat de r alleen op koe betrekking moet hebben.

6) No. 107 zonder: paḍa

	soenan Koedoes sandinira	5
	peti poesaka Palèmbang dèn-oengkabi	
	dadi ming langit djoemegoer	
	dadi peteng limengan	
	maring moesoeh dadi sangsajaning iboer	
	lir wengi dadak-dadakan	
	bala islam ngarangseg wani	
	bala boeda koendoer moelak	6
	loemajoe saparan <sup>1)</sup> loemaris	
	boerakrakan sirna laroet	
	poetra nata loemadjar	
54	maring goenoeng Lawoeh soesoepan sattoehoe	
	dipati Teroeng loemadjar	
	ing negarané pribadi	
	wali teteloe akarsa	7
	anglebeti ing poera Madjapahit	
	tan tebah lan rempagipoen	
	jata sampoen apoerba	
	sagoeng ponggawa Madjapahit ing waktoe(h)	
	sakala ikoe tan nana	
	kang doewé enges sawidji	
	malah sampoen binongkokan	8
	radja gagaman Madjapahit atitig	
	ratoe Madjapahit goepoeh	
	sareng sampoen mengkono	
	aglis ngalap tjoetjoepoe koeripanipoen	
	pinèlètakan ing sada	
	lanang pinandjer toemoeli	
	paða wiang miber mérad	9
	karaton anggolèndang <sup>2)</sup> soewoeng toemoeli	
	parbajaksa Madja-langoe	
	binoebrak ingoesoengan	
	maring Demak kinarja soerambiniipoen	

1) No. 107: saparan-paran.

2) No. 107: anggoelindang.

	kang masdjid ana <sup>1)</sup> ing Demak wali titiga woes moeli	
	mantoek maring koeta Demak angasrèni rangga Bintara ngadek hadji tanah djawa kang aloenggoeh ing Demak ngadeg <sup>2)</sup> soeljan pan doe'a <sup>3)</sup> para walioe'llah woes qabael kèdèp ing sasabdanira satjipta-tjiptané dadi	10
	moeng ika dipati ika ing Teteroeng dèrèng kersa noengkoeli <sup>4)</sup> ja déning kerananipoen roemahos darbé dosa amedjahi soenan 'Oendoeng ika takoet <sup>5)</sup> soenan Koedoes menawa noeli ika males poelih	11
55	malesaken ramanira noeli soenan Koedoes noeloeng wawarti soerat kang marang Teteroeng jen èstoe déwékira walioe'llah mangsa arsaha kang ikoe males poelihaken rama pan sami adarbé <sup>6)</sup> pasti	12
	dipati Teteroeng malah répé manahé ngandel oedjaring toelis mangsa babada kang èstoe daradjat walioe'llah woes dèn-bongkoki gagamané doemioeloer sedya toengkoel maring Demak tobat maring wargi peribadi	13

---

1) No. 107 zonder: ana.

2) No. 107: maha.

3) No. 107: pan doe'ané.

4) No. 107: noengkoela.

5) No. 107: ming.

6) No. 107: oeroebè.

## 26e Gezang; dichtmaat: midjil. (No. 107, p. 115.)

doepi woes tobat noeli den-tari ing wibawa loenggon kapatian ing Demak mangkin <sup>1)</sup> tanda Teroeng atoeré ririh kasoehoen sih hadji moegi sih doemoeloer	1
kahoela sadya ning andera pati tobat ing Jang Manou <sup>2)</sup> kahoela sakalangkoeng sangeté nelangsa medjahi wong moeslim jata dinoeloeran iki sedyaning anglampoes	2
sarta balané kang sami asih dén-adjak apanor ming alas-alas ming panditané malah lami katedah nami <sup>3)</sup> ing édjé kang mastani poenikoe	3
pangéran Palakaraning wali woes ingkang semono para wali sasanga boebaré maring Koedoes ika angasri soenan Koedoes dadi sang pandita ratoe	4
anèng Koedoes woes asita siti agama goemolong ing sahuesa djawa islam kabéh tan nana kang malang toemoeli bar(a)kah para wali ing ridha Jang Agoeng	5

1) No. 107: mangkané.

2) No. 107 heeft dezen regel en den voorafgaanden niet.

3) Dit vers komt daarblijkbaar een regel te kort.

	lami-laminé asita siti ing Demak keḍaton ingadènan sa-asri-asriné patoekangan sing <sup>1)</sup> Madjapahit radèn Sepet nami ingkang wangoen datoek	6
	lamining asita poeragami soelṭan Demak <sup>2)</sup> mangko woes melebet bé'at sabeneré maring kandjeng sinoehoen Djati paneroesing 'arif marahing Jang Agoeng	7
56		
	lami gènè goegoeroe ing Djati gènira menggoeron <sup>3)</sup> soelṭan Demak poerochita mené saking katarina ing 'ilni agoe-agoe <sup>4)</sup> adi roeroebahipoen	8
	mangoenaken koeta Tjerebon apti miwah seri keḍaton Tjerebon toenggal raden Sepet mangké <sup>5)</sup> ingkang toekang sing Madjapahit ingkang wangoen poeri parek dalem agoeng	9
	malah soenan Djati woes sinoeng <sup>6)</sup> sih bala koeren <sup>7)</sup> ing wong limangatoes serta gegeḍéné kang <sup>8)</sup> nami ki Koewoeh dipati derapon angladosi kersané sinoehoen	10

1) No. 107: sang.

2) No. 107 zonder: Demak.

3) No. 107: amagooron.

4) No. 107 ten rechte: agoeng-agoeng.

5) No. 107: mangko.

6) No. 107: sining.

7) No. 107 zonder: koeren.

8) No. 107 zonder: kang.

	miwah poetriné Demak kang nami ratoe Njawa mengko dèn-atoeraken maring goeroené soenan Djati boja tampani jén menggah <sup>1)</sup> peribadi moeng ginawé mantoe	11
	tinepoeng kerama djati kang maring pangéran goeng anom ora lawas toemoeli soemèrèn pangéran goeng anom akanin déning badjag dadi lajoné ming moendoe	12
	doepi ratoe Njawa ika nangis sanget rara panor njoengkemi ing padané mertocané lara kerana <sup>2)</sup> mintah kasih ing oeriping laki doemadi sinoehoen	13
	angandika baji ora mati likinira mangko doek ngandika semana tan soewé majit ngelesed ajoen tangi sinabdan toemoeli djangdjining Jang Agoeng	14
57	toemoeli lajon arerep malih sinaré ing enggan moendoe katedah ing padalemané <sup>3)</sup> pangéran Sédang lahoet nami lamining bađami linironan soenoe	15
	pangéran Pasaréan kang pinerih kerama <sup>4)</sup> kang sedjatos	16

1) No. 107: mangko.

2) No. 107: karoena.

3) No. 107 pandalemé, zonder: ing.

4) No. 107: karamat.

maring ratoe Njawa sasoekané  
 ingkang rama woes angrempagi  
 sedép ing akrami  
 merna anak poetoe

doepi madé mangoen sanding ardi  
 açal tigang enggon  
 saking Demak ing moela-moelané  
 doepi boedi djadjar ingginggil  
 açal tigang parni Padjadjaran oeloe

17

**27e Gezang; dichtmaat: doerma.** (No. 107, p. 120.)

wonten déné kang akarja wawangoenan  
 ing goenoeng Semboeng adi  
 poenika ki Goesa  
 toekang saking Kerawang  
 rowangé papat kang dadi  
 djoeroe pasiram  
 ing ajoen <sup>1)</sup> sang adjati

1

noeli soesoenan Djati ing kana raghab  
 kalajan ingkang abdi  
 poetri ratoe Tjina  
 tatapi boja lawas  
 noeli poetri Tjina mati  
 noeli soesoenan  
 loenggoeh <sup>2)</sup> ing Pakoengwati

2

ing sadalem ing kiتا Tjerebon kang ana  
 madjek saloring kali  
 kang nama karijan  
 ngoelon anamping wètan-  
 -ning pasabinan amatis  
 ngalor toemeka  
 kidoelé gedèng kiring <sup>3)</sup>

3

1) No. 107: ajoenan.

2) No. 107: linggih.

3) No. 107: kering.

	angaladjoer ngétan ika woés matepiān kali pabéan dadi sadjawining kiṭa pangawat ingkang wétan toeroet segara anepi atepoeng gelang ngidoel karijan maning	4
	namaning koēta Tjerebon nenggi(h) winarna sang Esoe nama djati doepi ingkang nama dalem agoeng winarna ikoe sang Sirroe'llah ngarsi	5
58	mangka <sup>1)</sup> nama masdjid agoeng winarni	
	sang Tjiptarasa nama masdjid ika <sup>2)</sup> kang anèng Pakoengwati djihat qiblatira pon kadi masdjid Demak jasaning kang para wali sigegen ika <sup>3)</sup> ingkang agena-gena <sup>4)</sup> poeri	6
	kotjapa para wali woloe patjareman <sup>5)</sup> wonten ing kawah oekir Tjaremé woes wignja samja amitjara dangoe-dangoening agosṭi sang sjech Lemah abang pon kadi doek ing oeni	7
	ambabar tékad sinendöch datan kena basané mapan oewis	8

1) No. 107: maka kang.

2) No. 107: sang Tjiptarasa namaning masdjid Demak ika.

3) No. 107: ingkang.

4) No. 107: kang agenah-genah.

5) Dr. Brandes had dit gezang van af vers 7 tot gezang XXVII, vers 18 achter zijne inhoudsopgave overgenomen.

djangdji miak werana  
 ing dingin mapan Allah  
 ing mengko Allah sadjati  
 ing bésóek Allah  
 noeli pada dèn-ringring <sup>1)</sup>

sinelan sabda sinoehoen Giri gadjah  
 endi reko perjogi  
 doemadi wedana  
 pangeloening olia  
 kita djawi aloek <sup>2)</sup> kali  
 kita atoet <sup>3)</sup>  
 jabèng Kali djaga adi

kita pinangkakaken pangarep <sup>4)</sup> kita  
 déning sih ikoe sidji  
 pada-pada djalma  
 tan ajoen araghah  
 ming bangsa doenja sademi  
 raghabé njata  
 maring acharat djati <sup>5)</sup>

para wali wowoloe rempag ing karsa  
 soenan Kali mangsoeli  
 mangké ta sadéla  
 rawoeh ingkang parjogi.  
 dadi panghoeloening wali  
 noeli sanjata <sup>6)</sup>  
 woes <sup>7)</sup> rawoeh soenan Djati

para wali wowoloe toemingal njata  
 waspada gènja anglingling  
 noer-boewaté padang  
 soenan Djati poenika

9

10

11

12

1) No. 107: dèn iring-iring.

2) No. 107: eleng.

3) No. 107: toeta.

4) No. 107: pangérep.

5) No. 107 zonder: djati.

6) No. 107 voegt toe: sadéla.

7) No. 107 zonder: woes.

	komarané angoengkoeli barakahing babar ing boemi Makah malih	
59	sarta woes tinemoe lan djeng rasoeloe'llah ika soesoenan Djati pinangka wedana tinoet déning olia kang ana hing noesa Djawi doenja achirat mapan mengkana oegi.	13
	kang dèn-roeroe bénjang ing arah-arah mahsjar <sup>1)</sup> loro dèn saking achir rempagira sedaja ming masjid Tjerebon arah angasrèni wali malih derapon dadya sapoeloeh ingkang wali	14
	ja ikoe pangéran Maqdoem tjangkangira ing masjid Tjerebon lami para walioe'llah paña sadjoemrah séwang gilirané angimani doepi tetkala giliran soenan Kali	15
	pangéran Maqdoem moeparèk manahira esjak <sup>2)</sup> ma'moemé dadi sabab soesoehoenan Kali tan nganggé qir'at anggahèng anggajem <sup>3)</sup> gosti nanging woes awas ing gerendjeté kang mantji	16

1) No. 107: bénjang ararah mahsjar.

2) No. 107: esal.

3) No. 107: oenggahing anggalajem.

**28e Gezang; dichtmaat: poetjoeng.** (No. 107, p. 125—126.)

	jata ingkana molana Maghrib amoewoes saba'daning çalat maring seri Maqdoem djawaré hé raji Maqdoem <sup>1)</sup> pakanira katedlah <sup>2)</sup>	1
	saking deradjating para wali kang loehoeng karana déning sjak pakanira doek ma'moemé pangéran Maqdoem atoeré toemarima	2
	sinten kang ajoen <sup>3)</sup> anjingkirana hoekoem ming 'Azza wa Djalla woes pandoem koela seméné noeli lami-lami noedjoe maring sasi(h) ciām	3
	dina isnèn tanggal ping sakawanipoen sami moesawarah ing masjid agoeng pernahé pon mengkana malih tékad sjech Lemah abang	4
60	ambabar tékad sampoen ping tiga waloe kadoekira wangkal- (!)ing sabda njatah <sup>4)</sup> pinantjén jén badé koekoem saba'daning riaja	5
	wangsoelané sjech Lembah abang ia sjoekoer tan asadya siwa ing tékad kang woes tjoemanṭèl ing telenging <sup>5)</sup> sirroe'llah tan kena obah	6
	dingin Allah mengko Allah mapan èstoe ing bésöek pon Allah sarwi késah tan asoewé jata lastari kang poedja-poedja <sup>6)</sup> islam	7

1) No. 107 zonder: Maqdoem.

2) No. 107: katedak.

3) No. 107 mist twee regels, van af: . . . . . ma'moemé, tot en met: ajoen.

4) No. 107: jata.

5) No. 107: telenging.

6) No. 107: poedji-poedji.

	doepi ba'da riaja ika akoenpoel para walioe' llah sjech Lembah abang datan soewé dèn-atöeri basané jèn ora nana	8
	sjech Lemali abang tatapi Allah kang modjoed doepi ingatoeran toean Allah ngarawoehané maring masdjid basané jèn ora nana	9
	Allah tatapi sjech Lemah abang kang modjoed noeli ingatoeran ika <sup>1)</sup> sakaroné sjech Lemah abang kang sartané toean Allah	10
	jata rawoeh ing masdjid énggal woes sinoeng doehoeng Kança naga soenan Djati kagoengané ingoeloengaken ming soenan énggal <sup>2)</sup>	11
	soenan Koedoes angartos jata agoepoeh ika sjech Lemah abang pinardjaja tanpa soewé sinoedoek djadjané goemamberang tan pisah <sup>3)</sup>	12
	dèn-goejoní déning para wali moewoes wonten ta Jang <sup>4)</sup> Soekma kadi séla ing atosé noeli pinindo dadya teroes kang djadja	13
	moebal <sup>5)</sup> loedira ja <sup>6)</sup> peṭak woes atiroe <sup>7)</sup> patining <sup>8)</sup> kelapa doek semana pan toenggalé	14
61	dèn-goejoní wonten ika Jang Soekma	

1) No. 107 lascht in: baja.

2) No. 107: ingoengaken ming soenan Koedoes énggal.

3) Dr. Brandes merkt terecht op: lees pasah. Ook No. 107 heeft pasah.

4) No. 107 verkeerdelyk: tiang.

5) No. 107: moebal-moebal.

6) No. 107: -nja.

7) No. 107: mempoer, zonder: woes atiroe.

8) No. 107: kadi patining.

metoe getih poetih kaja tjatjing ikoe sakedap loedira abang mèrèt ing roepané sigra ngesoet napsoe <sup>1)</sup> sapisan woes moesna	15
noeli <sup>2)</sup> ilang katoet ragané ja <sup>3)</sup> ikoe dèn-goejoni ana djalma sampoerna patiné djisimé mérad ika kadi siloeman	16
noeli woedjoad malih lajon ika woes atoehoe pinoelasaréa déning para wali kabèh siniraman sinalataken perjoga	17
noeli ana sewara ingkang karoengoe sabda tawang-tawang <sup>4)</sup> tapi ia soenan Tjerebon dadi ratoe merdika tan kaparéntah	18
teka ing anak-poetoe tatapi ing <sup>5)</sup> bésöek bésöek lamoen aha kebo boelé kahanané anak-poetoe bésöek adja katamboehan	19
soenan Djati loemiat maring loh mahfoedh inggih pan sanjata kadi mengkana toelisé dadi soenan <sup>6)</sup> darbé ing pangandika	20
hé anak-poetoe sakabèh lahi ing bésöek jén woes tedak sanga saking isoen sajogjané paña babak <sup>7)</sup> déwèk kasapangatan <sup>8)</sup>	21

1) No. 107 ten rechte: napas.

2) No. 107 zonder: noeli.

3) No. 107: talah.

4) No. 107: tabang-tabang.

5) No. 107 zonder: ing.

6) No. 107 lascht in: Djati. zondei: ing.

7) No. 107: babaka.

8) Van: شفاف.

**29e Gezang; dichtmaat: megatroe.** (No. 107, p. 130.)

	jata ika sjech Lemah abang kang papoetjoek kang para wali lalis <sup>1)</sup> doepi wekasaning lampoes ikoe kandjeng soenan Kali sjech Leniah abang woes kinahot	1
	ing Pamelaṭèn enggèn sinaréhipoen doepi woes pitoeng latri kersaning wali satoehoe angeḍoek <sup>2)</sup> ing majit kaja apa <sup>3)</sup> ingkang semono	2
	doepi dèn-temoe lajoné sarta amoewoeng <sup>4)</sup> ana koeḍoep melaṭi sapasang permilanipoen minashoer kahoena koeni <sup>5)</sup> déning pandalemèning wong	3
62	astana Pemelaṭèn kang ja ikoe ika woes lami-lami para wali ika noenggoe sagelar-gelaré malih nerambah agamaning wong	4
	jèn ing Djawa soelṭan Demak wengkonipoen ratoe djawa agami 'adil ing sahoekoemipoen dèn-linggihi ika saking koeta pasisir Tjerebon	5
	ja Tjerebon negara kung awèt ikoe soelṭan poenikoe <sup>6)</sup> lalis goemanti ming soenoe	6

1) No. 107: kalis.

2) No. 107: ingedoek.

3) No. 107: kajapa.

4) No. 107: amoeng.

5) No. 107: kahol nakoni.

6) No. 107: soeltan Demak tan lami.

	pangéran Sabrang lor dadi soelṭan Demak ing kedaton	
	tatapi ika boten lawas ṭoemoet toemoeli lalis malih kagentèn ing rājinipoen raden Terenggana doemadi soelṭan Demak ing kedaton	7
	kang memantoe dipati Padjang woelangoen nama ki djaka Tingkir soelṭan Demak ingkang ikoe kang goeroe ming soelṭan Kali soesoenan Kali kelakon	8
	dèn-pondong ming Demak djoemenga ratoe soepados soenan Kali kandikané boja isoen raghab maring doenja kaki balikan iki keraton	9
	jèn ana soekané si dipati poetoe bésoek jèn oewis lalis ramanira kijen lakoe dimoné Padjoeng moeponi <sup>1)</sup> ing noesa Djawa kaperabon	10
	doepi sira si dipati bahé loenggoeh doepi isoen sih oerip malih désa Adilangoe désa kang ora nana <sup>2)</sup> ḥaçil enggon isoen adèdèpok	11
63	jata soeka-manahé dipati poetoe mila ika doemadi sasirnaning Demak ikoe anèng Padjang ngadeg hadji moeponi djawa sang katong	12

1) No. 107: moempioni.

2) No. 107: orana.

masjhoer soelṭan Padjang rēhing linggihipoen ing Padjang panegari milané dipati poetoe kinatelah ing pernami soenan Perwata dining wong <sup>1)</sup>	13
moemponi sa-Demak bahé kang winengkoe maring Mangkoe rat djawi sabab Padjang kang amengkoe titahé djeng soenan Kali lami-lami ning rereton <sup>2)</sup>	14
noeli kagenfi Metaram amengkoe ing sakabèh rat <sup>3)</sup> djawi woes djoemeneng ika ratoe soelṭan Metaram rèh linggilh <sup>4)</sup> ing <sup>5)</sup> Metaram seri kaḍaton	15
doepi soelṭan Padjang amoehoeng amengkoe sa-Padjang bahé mari <sup>6)</sup> angerèh djawa sampoen manten <sup>7)</sup> sabab Metaram kang dadi wengkoning <sup>8)</sup> djawa keḍaton	16
pon ja rempaging para wali èstoe toelis loh mahfoedh kaksi milaning adarbé roempoeg <sup>9)</sup> saka lisiking joeni amindah-mindah kaperabon	17

---

1) No. 107: soenan-soenan para wati dining wong.

2) No. 107: reraton.

3) No. 107: ratoe.

4) No. 107: inggilh.

5) No. 107 zonder: ing.

6) No. 107: mawi.

7) No. 107: mantoen.

8) No. 107 mist dit woord.

9) No. 107: ing.

30e Gezang; dichtmaat: ladrang. <sup>1)</sup> (No. 107, p. 135.)

	doepi soelṭan Padjang sasamipoening lalis loentah sarma ing <sup>2)</sup> poetra dèn-asrèni <sup>3)</sup> ngadeg dipati nama soesoenan Padjang	1
	ja sarmané soelṭan Maṭaram poeri ia talah ing Tjerebon maksih aweting <sup>4)</sup> doeroeng ngalih-alih kang nama negara	2
	doepi poetranè <sup>5)</sup> kāndjeng soesoehan Djati ingkang nama ratoe Ajoe rangda saking soelṭan Demak kerama ming wong agoeng sabrang	3
	kang olich warisan gamelan soekati saking Demak inggih ratoe Ajoe goesti doepi kerama wong sabrang ingkang anama	4
	ratoe bagoes Façel kang arahé poetih tjarem kerama mios poetranipoen isteri ing nanna ratoe Nawati-rarasa <sup>6)</sup>	5
64	doepi agoeng pinakeramakaken maring ingkang poetra pangérán Pasaréan ing -kang nama pangérán dipati Pakoengdja	6
	inggih dipati ingkang séda <sup>7)</sup> Kamoenig noeli ika	7

1) Behalve de eindklank van den eersten regel, en de lengte van den tweeden regel, die zes lettergrepen zou moeten tellen, ook voor ladrang (= mas koemambang), is de maat veeleer regelmatig poetjoeng.

2) No. 107: ingkang.

3) No. 107: — istréni.

4) No. 107: awit.

5) No. 107: poetriné.

6) No. 107: Wanawati rarasa.

7) No. 107 lascht in: ing.

mios poetranipoen malih kang nama pangéran agoeng Pakoeng radja	
ora lawas soenan goenoeng Djati lalis kang negara	8
pangéran agoeng kang tampi djoemeneng panembahan ratoe Pakoengdjá	
kang olih kerama poetri Padjang kang nami ratoe emas	9
sa-Padjang ika djenenging wadon ajoe toer bisa maring apria	
malah ika panembahan ratoe lami anèng Padjang	10
nembelas tahoen toemoeli mantoek maring Tjerebon noeli apoepoetra	
nama pangéran adipati Pakoengwati <sup>1)</sup> kober tembé momolo sigra amlesat	11
maring Banten èsmoené Banten kang dingin gadangira	12
ngadeg soeltan karihin noeli Tjerebon <sup>2)</sup> ngadeg soeltan anèng woentat	
jata masjid agoeng sampoen ingadèni waloejakaken <sup>3)</sup>	13
kaungadi woes djinis moeng momolo dèn-gawé dadi apapak <sup>4)</sup>	
mapan ika sakarsané soenan Kali ora iwang	14
sesemon <sup>5)</sup> woes ora lantjip panembahan ratoe andérèk ing karsa	

1) Hier zijn in No. 36 twee regels weggevallen. No. 107 vult aldus aan:

..... Pakoeng wat  
ora lawas masjid agoeng kobar ..... enz.  
masjid agoeng Pakoeng wat  
kobar .... enz.

2) In No. 107 ontbreken de derde regel en de eerste twee woorden van den vierden regel.

3) No. 107: dèn-waloeja

-kaken kang ..... enz.

4) No. 107: anapak.

5) No. 107: sesemoné.

	tan lawas panembahan ratoe kawingkis dèn-perih séba ing Maṭaram <sup>1)</sup> woes ngastoeti <sup>2)</sup> miwah panembahan Banten pon mengkana	15
	mila panembahan Banten angandjali kerananira <sup>3)</sup> aningali soenan Kali salinggihé ana ing balad <sup>4)</sup> Met̄aram	16
	paḍa-paḍa bareng soenan Kali lalis jata sedya Banten ika amanèni kadoegi késah ḥadji aminta ridha	17
	saking soelṭan Mekah sampoen dèn-idzini jèn ngadega <sup>5)</sup> soelṭan ing Banten negari sarawoehé ḥadji noeli ngadeg soelṭan	18
65	jata soelṭan Met̄aram tan anglilani noesa Djawa dèn-adegi soelṭan kakalih malah perang Banten kalawan Met̄aram	19
	pinten-pinten laminé ingkang adjoerit tan nana kang angalahi salah <sup>6)</sup> sidji soelṭan Met̄aram amèt seraja welanda	20
	mila dèn-rega-rega <sup>7)</sup> welanda sidji jèn matia soelṭan Maṭaram aperang <sup>8)</sup> patoekoené welanda sidji kang pedjah	21

1) No. 107: ngastoeni.

2) No. 107 veelal: Met̄aram.

3) No. 107: karana soenan.

4) No. 107: bala.

5) No. 107: mađega.

6) No. 107: sada.

7) No. 107: dèn-réga-réga. zonder: mila.

8) No. 107 ten rechte: aparing.

sèwoe réjal regané kang koelit poetih parandénira <sup>1)</sup> soel̄tan Met̄aram neðoeni <sup>2)</sup> pinten-pinten reregan kang dipoen-étang	22
datan lami toemoeli ana panjapih ja welanda djinderal Pinter reboet <sup>3)</sup> kang nami bagoes kertané bisa anjapilh perang	23

---

**3le Gezang; dichtmaat: dandang goela.** (No. 107, p. 141).

basadjané wongagoeng welandi ming soel̄tan Banten atoer pitanggi <sup>4)</sup> toean soel̄tan soesokeré manira ingkang nanggoeng <sup>5)</sup> ming <sup>6)</sup> manira aneda boemi kang dadi milik ingwang <sup>7)</sup> soepaja <sup>8)</sup> toemoewoh sedenga enggo <sup>9)</sup> gawé oemah lan sasadya koela dagang anèng <sup>10)</sup> Djawi adjana kang njangketra <sup>11)</sup>	1
soté mengko jèn sampoen sajakti(h) soel̄tan Met̄aram woes kahalpoeka ing manah loeloes longsoré soel̄tan Banten amoewoes ia talah isoen njoekani ing sakarepanira kang semono ikoe sok oega dadia ardja	2

1) No. 107: parantsira.

2) No. 107: neðani.

3) No. 107: Piter boet.

4) No. 107: pitenggali.

5) No. 107: anagoeng.

6) No. 107: moeng.

7) No. 107: kang wang.

8) No. 107: soepajané.

9) No. 107: sedeng nganggo.

10) No. 107: dagang-dagang nèng.

11) No. 107: njangkreṭa.

loentah lampah wong agoeng welanda maring  
Metaram abesadja

66

ing radja Metaram dèn abedami  
soemandi toewan agoeng perbéa  
lami tan ana peraghaté<sup>1)</sup>  
pon woes sami jèn kétöeng  
lan açiling negara sidji  
aloekta<sup>2)</sup> sih ja éndah  
ing Banten angratoe  
moeng kang<sup>3)</sup> pesti kapoenloetan  
poenapa bahé kang saroepa oepezi  
naban tahoen toer ésak

3

ana déné ingkang walang galih  
ing bok wong Banten wani djabela  
lewi h saking lelekeré  
wong welanda kang nanggoeng  
mangka soeltan Metaram ririh  
ngandika soemembadan  
ja talah katèngsoen  
anoeroet sakertanira  
lah wong Banten kon metoe patoegoer djalmui  
saben tahoen wong saserahan<sup>4)</sup>

4

silih ganti kang pinangka dadi  
oepetiné maring seri<sup>5)</sup> Metaram  
lakoe bok ora semono  
baja tan idép isoén  
wong agoeng welanda nanggohi  
sarta sila atoeran  
sawoesing kadyèkoe  
ing sakèhé toeloengingwang  
ing salami-laminé angréwang djoerit  
mengko jèn sampoén karta

5

1) No. 107: peragaté.

2) No. 107: aloekan.

3) No. 107: kapasti.

4) No. 107: sasra.

5) No. 107: sira'.

	kaoela neda kewasa ing boemi kang sahèstoe dadi milik kaoela sepala soepaja kanggo agawé oemah amoeng sahambaning loemping sawidji lan adjana njangkreta ing padagangisoen <sup>1)</sup> soeltan Metaram sembada wong agoeng welaunda ming Banten woes dadi kartané njapih perang	6
	wong Banten doemoeloer anjahosi patoegoerau wong sèwoe ming Metaram kang pinangka bedaminié djénderal mindah aloenggoeh ing boemi Djaketra kang dèn-perih <sup>2)</sup> terang lan ratoe djawa ing salakoenipoen anggelar-gelar padagang poetra Djaketra akèh <sup>3)</sup> njelawadi amoesoeh ming welanda	7
67	poetra Djaketra toeroené dingin radja Lahoetan ika kadoega perang lan welanda mangké bedah Djaketra ikoe dénings <sup>4)</sup> welanda dèng <sup>5)</sup> poengloe tahi marmané ingaranan Batawi <sup>6)</sup> ikoe nenggil ing tahoen welanda sèwoe nem-atoes sapoeloe ika kawit -tanira ana djénderal	8

1) No. 107: gagatisoen.

2) No. 107-parih.

3) No. 107 lascht in: kang.

4) No. 107: dèng.

5) No. 107: dèn.

6) No. 1907 lascht in: meka.

ing noesa Djawa ja ika noeli  
 sjech Joesoef ana ing désa Karang  
 anjelawadi anané  
 maring welanda kadoeg  
 dadi perang ika kang dadi  
 pamoekira welanda  
 aran Martinoe  
 asarja lawan wong sabrang  
 radja Bima radja Goea malah dadi  
 sjech Joesoef ika mérad

pan Martinoe djaja ing adjoerit  
 anama ika kapitan Karang  
 doepi negara Tjereboné  
 maksih sésébanipoen  
<sup>1)</sup> Metaram tan kangkat wani <sup>2)</sup>  
 panembahan ratoe sirna  
 kaganti ing poetoe  
 djoemeneng malih panembahan  
 doek aséba <sup>3)</sup> Metaram ika lalis  
 sinarèng Girilaja

9

10

## 32e Gezang ; dichtmaat : sinom. (No. 107, p. 147.)

poetra Tjerebon kali(h) djoega  
 maksi(h) ana ing Metawis  
 noeli ana titahira  
 soeltan Banten meñoek dadi  
 poetra Tjerebon sekali(h)  
 ingadegaken sang ratoe  
 dèn-asri namanja soeltan  
 ia Banten kang ngoewati  
 dalah poetra Tjerebon tan wani mantoeka

maring Tjerebon kerananira  
 adjrih ming Metaram hadji

1

2

<sup>1)</sup> No. 107: ming.<sup>2)</sup> No. 107: adl.<sup>3)</sup> No. 107 lascht in: ing.

	mangka soel̄tan Banten minta(h) maring djénderal kang doemadi andel-andeling adjrih <sup>1)</sup> mangka rékané satoehoe welanda binaktanan kapitan Karang kang nami derapon toemindih ing Tjerebon nagara	
	angraksa saloenggoehira soel̄tan ing Tjerebon sekali(h) amoeng soel̄tan keda(h) moelat ing sakareping welandi adjana sangkeret kardi ing sadagang-dagangipoen <sup>2)</sup> ingkang aran welanda lah ikoe kawité dadi ana welanda anèng Tjerebon negara	3
68	soel̄tan sakalih woes natah kasepoehan miwah malih kanoman sagelarira ing Tjerebon asilapoeri <sup>3)</sup> ora lawas toemoeli bedahing Metaram ikoe kena <sup>4)</sup> dèng Kartasoera lah adi <sup>5)</sup> pedjahing pinatji <sup>6)</sup> sésébané sagelar-gelar rira <sup>7)</sup>	4
	ing Tjerebon lagi sekala <sup>8)</sup> pangéran arja malih negara ing katjerebonan ing Kertoesoera <sup>9)</sup> doek dadi	5

1) No. 107: djoerit.

2) No. 107: ing soedagang agengipoen.

3) De tweede, derde en vierde regel ontbreken in No. 107.

4) No. 107 zonder: kena.

5) No. 107: dadi.

6) No. 107: pandji.

7) No. 107: -nja.

8) No. 107: segala.

9) No. 107: kartasoera.

soel̄tan nanging tan lami  
bēda(h) malih ika datoe  
Kertasoera dénira  
kang linggih ing Sala dadi  
ratoe djawa mengko ing sagelarira

doepi ing Tjerebon sekala <sup>1)</sup>

pon maksih awèt alinggih

<sup>2)</sup> momolo astana wis

tiba remoek lah ing rikoe

pernistāning <sup>3)</sup> Lemah abang

doek dingin <sup>4)</sup> ngila-hilani

ing wong anom amoeng adarma <sup>5)</sup> loemampah

tan lami noeli konggahan

Tjerebon <sup>6)</sup> Parasman noeli

tan lami malih konggahan

Inggres anitih negari

kahanané doemadi

ratoe agama peroetoe

sami dèn <sup>7)</sup> tjoemponana

ing sagelarira oerip

Banten Tjerebon Jogja Sala woes kabawah

doepi tetelanira

saking tetkalaning kawit

ing Tjerebon anama soel̄tan

ing kanoman soel̄tan goesti

ingkang nama Badroe'ddin

noeli ika kang toemoeroen <sup>8)</sup>

ing poetra ingkang nama

soel̄tan anom Hādhiroe'ddin

noeli toemedak ing poetra ingkang anama

6

7

8

1) No. 107: segala.

2) No. 36 komt hier twee regels te kort, No. 107 vult aldus aan:

. . . . . alinggih

maka witing rengka

woes ing tedak sanga dadi

momolo. . . . . enz.

3) No. 107: partoestāning.

4) No. 107 zonder: dingin.

5) No. 107: darmané.

6) No. 107: lascht in: déning.

7) No. 107 zonder: dèn.

8) No. 107: noeli toemedak ikoe.

	soelṭan 'Alimoe'ddin nedak malih maring ingkang nami soelṭan Chairoe'ddin mengkana toemeḍak soelṭan kang nami djeng soeltan Imāmoe'ddin toemoeli tedak poenikoe soelṭan anom kang nama djeng Moehammad Qamaroe'ddin ja ikoe oengkaraning peradja kanoman	9
	doepi anèng kasepoehan kawit-kawitané dadi ana djoemeneng soelṭan ikoe djeng Aboe'lmaķārim	10
69	toemoeli tedak' maring soelṭan Djamāloe'ddin ikoe tedak ning soelṭan nama djeng Moehammad Zainoe'ddin noeli teḍak maring soelṭan ingkang nama	
	Tādjoelāsiqīn Moehammad Zainoe'ddin toemeḍak malih soelṭan Çafijoe'ddin ingkang masjhoer soelṭan Batang hadji kaganti ingkang raji soelṭan moeda djenengipoen Hasanoe'ddin toemeḍak soelṭan malih ingkang nami Moehammad Djoharoe'ddin namaning besar	11

---

**33e Gezang; dichtmaat: kinanti. (No. 107, p. 152.)**

noeli ganti ming sedoeloer  
soelṭan sepoeh ingkang nami  
Moehammad Sjamsoe'ddin néka <sup>1)</sup>  
oengkara kasepoehan seri  
doepi soelṭan panembahan  
moeng teloe teḍak nitihu

---

1) No. 107: fkl.

dingin panembahan agoeng  
 ia panembahan goesti  
 kang sadjadjar witing soel̄tan  
 noeli kapindo kang nami  
 panembahan To perlaja  
 kaping teloe <sup>1)</sup> maning nami

2

panembahan noeli oewoes  
 doepli soel̄tan katjerebonan awit  
 saking ingkang nama pangéran  
 Arja Tjerebon asiwi  
 djeng soel̄tan Merta widjaja  
 kaganti déning kang raji

3

soel̄tan Adiwidjaja ikoe <sup>2)</sup>  
 kang <sup>3)</sup> toemoeli ika kaganti  
 déning kang mantoe anama  
 soel̄tan Aboe hawat <sup>4)</sup> noeli  
 ora nana loentanira  
 doepli ing Banten negari

4

ingkang kawit-kawitipoen  
 kandjeng soel̄tan Aboe'lmafāchir  
 Maḥmoed 'Abdoe'lqadīr nama  
 djeng soel̄tan agoeng Kanari  
 noeli kaganti ing poetra  
 kang nama Aboe'lma'āli

5

Aḥmad kandjeng soel̄tan agoeng  
 Kartajasa noeli ganti  
 sing <sup>5)</sup> kang poetra ingkang nama  
 Aboe'lfatāḥ ingkang nami  
 soel̄tan agoeng Tirtajasa  
 ia ikoe kang ngasrèni <sup>6)</sup>

6

- 
- 1) No. 107: teloehé.
  - 2) No. 107: agoeng.
  - 3) No. 107 zonder: kang.
  - 4) No. 107: Hajoeh.
  - 5) No. 107: ming.
  - 6) No. 107: ngistrèni.

	soel̄tan Tjerebon pon ja ikoe kang toeloeng bawah narpati noeli ganti ming kang poetra soel̄tan 'Abdoe'lqahār noeli ganti poetra ingkang <sup>1)</sup> nama djeng soeltan Zaina'l'ābidīn	7
70	noeli ganti maring soenoe djeng soeltan Zaina'l'ārifīn noeli ganti maring poetra djeng soeltan Zaina'l'āsjiqīn noeli ganti maring poetra kandjeng soel̄tan 'Alījoe'ddīn	8
	toemoeli gempar nagri agoeng ing Banten tan ana <sup>2)</sup> hadji doepi soeltan anēng Demak poetra Palèmbang doek ḫingin mantoené ki Arjang damar sampoening <sup>3)</sup> Talang ingkang nami	9
	pati Tjina açalipoen kabias ngoelati wali doemadi maring Palèmbang mahabara sakti lewih sartané <sup>4)</sup> Arjang damar sampoen Talang ngadeg hadji	10
	maring Djawa sébahipoen lagi zaman Madjapahit noeli pinaringan garwa(h) dénинг ratoe Madjapahit pon ja poetra ingkang açal saking Tjina doek garbini	11
	rong woelan anoeli sinoeng ming ratoe Palèmbang dadi	12

1) No. 107 zonder: ingkang.

2) No. 107 zonder: tan ana.

3) No. 107: sampoe.

4) Dr. Brandes geeft als variant: sasirnané, welke bevestigd wordt door den tekst van No. 107.

babar mios radèn Patah  
 soelṭan Demak kang roemihin  
 njata titisé nalèndra  
 Madjapahit mila maris

maris adadi sang ratoe  
 noeli ganti maring siwi  
 soelṭan Sabar<sup>1)</sup> lor tan lawas  
 toemeḍak maring kang raji  
 soelṭan Terenggana mengkana  
 soelṭan<sup>2)</sup> ing Padjang amaris

amaris dadi sang ratoe  
 sabab rembes Madjapahit  
 dingin lagi éjangira  
 maringi negara Bali  
 doek mogol ming Madjalengka  
 kalakon negara Bali

noengkoel kadi doek roemoebœn  
 noeli pinaringan poetri  
 sang dèwî Andajaningrat  
 poepoetra<sup>3)</sup> ki ageng Pengging  
 Pengging<sup>4)</sup> ika poepoetra  
 lanang aran djaka Tingkir

ja ika kahananipoen  
 djaka Tingkir ngadeg hadji  
 iug Padjang djoemeneng soelṭan  
 anjelang Demak narpati  
 tan lami malih kaselang  
 lénинг<sup>5)</sup> sénapati Metawis

71

### 34e Gezang; dictmaat: asmaradana (wong kédanan).

(No. 107, p. 156.)

marmané ki Sénapati  
 anjelang ing karadjahan

1) No. 107 ten rechte: Sabrang.

2) No. 107 zonder: soelṭan.

3) No. 107: poetra.

4) No. 107: nenggé.

5) No. 107: dèng.

13

14

15

16

karana ikoe terahé  
 ratoe Madjapahit oega  
 poetra ingkang kasingsal  
 Bonggan kamadjawan <sup>1)</sup> ikoe  
 soesoepan ing alas-alas

mias poetranira nami  
 Pamanahan apoepoetra  
 Sénapati ngalagané  
 ikoe kang djoemeneng nata  
 nama soel̄tan Maṭaram  
 kaganti ing poetranipoen  
 soel̄tan Maṭaram kang séda

ing Kamoening ika noeli  
 toemeḍak ing poetranira  
 soel̄tan Maṭaram kang saré  
 ing Karapjak noeli nedak  
 ing poetrané doemadya  
 soesoenan ing Tegal aroem  
 pon inggih soel̄tan Maṭaram

toemoeli kang njelang maungkin  
 soel̄tan anèng Kertasoera  
 marmané njelang kaperabon  
 pon toenggil terahing nata  
 Madjapahit kang ningsal  
 maring pasisiran kidoe  
 ia ikoe ingkang nama

Boejoet Banjoe biroe noeli  
 poepoetra ki Maben <sup>2)</sup> deria  
 toemoeli nialih poetrané  
 kang nama ki Toja kembang  
 noeli ika poepoetra  
 radèn Djené ja ikoe  
 kang dadi ratoe agama

2

3

4

5

1) No. 107: Bandā kadjawan.

2) No. 107: Menjan-

	soelṭan Kertasoera nami tatapi ora lawas moeli kareboet roeroehé déning toeroening Metaram saking soenan Mangkoerat djoemeneng ing Sala agoeng soelṭan angrata <sup>1)</sup> agama	6
	lami-lami ika malih dadi roro mapan pada sakaro warginé déwèk ing Ngajogja dadinira soelṭan sarja welanda dadiné ardja toemoewoeh soelṭan roro ing rat Djawa	7
	inggih wong agoeng welandi ingkang kerta perigelira ing perkara doenja liré welanda andjaloek oepah saking soelṭan Ngajogja rolas negara poenikoe oepah-oepahing angrata	8
72	sing <sup>2)</sup> Sala mekaten oegi ika oeroet pasisiré <sup>3)</sup> kageming welanda kabèh awit negara Belangbangan doegi ming Kaberebesan lamí-lamining toemoewoeh ratoe Djawa toemarima	9
	ora angasta <sup>4)</sup> negari ming tarima dinoelangan dahar sami-saminé <sup>5)</sup>	10

1) No. 107: angerèh.

2) No. 107: saking.

3) No. 107: pasisiran.

4) No. 107: angastoe.

5) No. 107: salami-laminé.

welanda ingkang anjelang  
karadjahaning djawa  
kerana ing koenanipoen  
ana poetri Padjadjaran

11

ingkang ora pajoe laki  
kerana metoe geni moentab  
saking seri pawadonané  
doepi dèn-dol ming welanda  
dèn-toekoe ika lawan  
djinising bedil teteloe  
poetri woes binakta njabrang

12

dèn-tambani ning <sup>1)</sup> Koempeni  
waras geni tan medal  
dadi isteri kena kanggo  
saparanti anak-anak  
koemanak ika dadya  
welanda kang sami oenggoel  
milanipoen djénderal djawa

13

alinggih anèng Batawi  
sabab Batawi poenika  
wilajat Pedjadjaran rèh <sup>2)</sup>  
<sup>3)</sup> koenané poetri ika  
açal waris Pakoean  
niarmancé doemadi oenggoel  
géné njelang noesa Djawa

14

lamoen <sup>4)</sup> djénderal alinggih  
ing negara wétan kaja  
mangsa semana oenggoelé  
rèhing doedoe warisira  
moenggoeh Allah ta'āla  
aparing ilhām ing machloeq  
atas ing sawarisira

1) No. 107: dèng.

2) No. 107: né.

3) No. 107: rèh.

4) No. 107: ta.

## 35e Gezang; dichtmaat: pangkoer. (No. 107, p. 160).

	lan malih marmané soenan 1) karanané ingkang iboe açal sing Padjadjaran lan Tjerebon ikoe tjanṭilan sahèstoe wilajiting Padjadjaran soenan Djati ika maris	1
	sawarising dzawi'larḥām mila soenan Djati ambek pawèstri enggéné angratoe ikoe ora babar angganal tansah aningid anggerba 2) lakoe doegi soeméréné pisan astana dèn-kikib-kikib	2
73	jèn ta linggi(h)a ing 'Arab soenan Djati jaktiné angganali sabab angrèh d(z)awi'lfoerōēdh olia pon waskita ora samar ing sagelar-gelaripoen wali Tjerebon kalintang apiké angliliwati	3
	mila awèt karatonira Tjerebon ika doeroeng angalih-alih karana 3) ing apikipoen soenan Djati tetkala ngadeg ratoe boten pati-pati poeroen angratoe ing noesa Djawa karsané kalajan idzin	4
	(n)ingkang para nabioe'llah mila sowan maring Béta'lmoeqdis doek arsahé ngadek ratoe	5

1) No. 107: Djati.

2) No. 107: anggerba gerta.

3) No. 107 zonder: karana.

ja hikoe kang pinalar  
 kadadian mabarangkang<sup>1)</sup> apik ikoe  
 doeniadi kanggoné lawas  
 mengkana 'adating thahir

doepi kang tan ingapikan  
 gelis bodol mengkana 'adat thahir  
 adja talah salah tanggoeh  
 marmané iboenira  
 soenan Djati késah njabrang kerananipoen  
 iboené sang rara Satang  
 wong Singapoera negari<sup>2)</sup>)

kang aran Soejang kerantjang  
 gi poenika winihira soenan Djati  
 miosaken sekawan soenoe  
 ikoe Tjakra boeana  
 lan radja Léwana lawan malihipoen  
 kang nama radja Sengara  
 lan rara Satang sang dèwi

rara Satang doewé bagdja  
 laki sang ratoe anahing Bani'sra'il  
 miosaken poetra djaloe  
 soenan Djati poerba  
 doek zaman kali angsal sèwoe teloeng-atoes  
 tapi ana poendjoelira  
 wowoloc tahoen njepeti

doek rawoehé soesoenan  
 angedjawa babading zaman kali  
 sèwoe teloeng-atoes tahoen  
 lan teloeng-poeloeh papat  
 doepi kala babar panembahan ratoe  
 babad zamau kalinira  
 sèwoe teloeng-atoes warsi

1) No. 107 zonder: mabarangkang.

2) Hiermede eindigt de tekst in No. 107.

	poendjoel sangangdasa sanga	10
	tetkala winangoen astana giring	
	Semboeng zaman kalinipoen	
74	sèwoe tahoen kalawan	
	patangatoes doepli tetkala winangoen	
	masjid agoeng Tjerebon babad	
	zaman kaliné winarni	
	sèwoe patangatoes sanga	11
	doepi kala soemèrèn soenan Djati	
	babading zaman poenikoe	
	sèwoe tahoen kalawan	
	patangatoes poendjoelipoen woloelikoer	
	doek kobar masjid besar	
	anèng Pakoengwati	
	babad zaman kalinira	12
	sèwoe patangatoes tahoen lan malih	
	poendjoelipoen pitoengpoeloeh	
	sidji doepi tetkala	
	soemalahé kandjeng panembahan ratoe	
	limangatoes tigangdasa	
	sasanga doeking waris	

---

### 36e Gezang; dichtmaat: midjil.

doepi tetkala soemalah hadji	1
panembahan katong	
kang sinaré Girilaja mangké	
babad zaman doek sèwoe warsi	
limang atoes malih	
poendjoel woloeng poeloeh	
lilima doepi tetkala ngasri	2
soeltan Tjerebon karo	
soeltan sepoeh soelten anom mangké	
sarawoehé sing Banten dadi	
soeltan sepoeh lagi	
babad zamanipoen	

- 3
- sèwoe nem atoes djedjegé doepi  
 rawoehé bala wong  
 welanda kaptèn Karang djenengé  
 tetkala babad zaman kali  
 sèwoe tahoen malih  
 nem atoes rong tahoen
- 4
- pareng ika ngisterènané dadi  
 kandjeng soelṭan anom  
 olih rong tahoen noeli boeraké  
 koetà Tjerebon ikoe kerananéki  
 para goesti sami  
 tan ngartos ing oewoes
- 5
- 75 tjara malajoe pan dèrèng ngarti  
 doemadi sosonggon  
 gawé toemenggoeng wong Tjina arané  
 Arja Tjelèk dèn-pertjajani  
 ing sagoegaté paranti ngéka toetoer
- 6
- rérékan gawé apa atasing  
 toemenggoeng kang rapot  
 kalawan welanda bedaminé  
 koetà Tjerebon dèn-doli  
 dèng Arja Tjelèk maring  
 welanda kang toekoe
- 7
- welanda ora njana jèn sangli  
 marmaning karaton  
 ora sanggan-singgoen patoekoéné  
 toer ta Arja Tjelèk ugatoeri  
 atoer ming djeng goesti  
 jèn koetà dèn-samboet
- 8
- arsa dèn-gawé bëntèng mapani  
 moesoehé sang katong  
 sekali andoeloerané  
 milané koetà Tjerebon dadi  
 binoebrak lastari  
 bëntèng kang winangoen

paragating bëntèng doek kinardi  
babad kali mangko  
sèwoe nem-atoes teloelas mangki  
doepi boeraking koëta nenggi(h)  
wahoené doek olish  
babad sèwoe tahoen

9

nem-atoes papat døepi pèling  
wawangoenan Tjerebon  
Soenja ragi ika doek paragaté  
babad zaman kali doek olish  
sèwoe lawan malih  
nem-atoes lan poendjoel

10

sawidak nenem lah iki  
pèling wigjaning Tjerebon  
tjaroenaning oengkara sakèhé  
zaman kali ikoe pidoeni  
hing zaman kang batjitji  
ikoe zaman soekoe

11

ning boemi roro ingkang kari  
zaman kali ikoe.

وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِالصَّوَابِ

### Asmaradana poepoehna.

sim koering hatoer pépeling  
ka sakoer noe mararatja  
oelah tonggoj lagoe baé  
saréng oelah tjétjeloekan  
karana ijeu wawatjan  
tjarita noe leuwih aloes  
njaritakeun Walioe'llah

karana goesti Jang Widi  
hanteu pisau ngaridha'an  
kanoe sok borak-borak teh  
balikan ijau wawatjan  
hasilna kabina-bina  
mangsana wali bérhimpoen  
sadajana moepakatan